ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№123 (24.873) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

## КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ а ІэнатІэм пэрытхэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым и ветеранхэ, и лэжьакІуэ лъапІэхэ!

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи ІэщІагъэм епха махуэшхуэмкІэ - Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ! Фи лэжьыгъэм фызэрегугъум и фІыгъэкІэ агропромышленнэ комплексыр ефІэкІуащ, республикэм и экономикэм и унэтІыныгъэ нэхъ зызыужьахэм ящыщ зы хъуащ.

Иужьрей илъэсхэм хэпщІыкІыу хохъуэ гъавэу къырахьэлІэм, лырэ гъэшхэкІыу къалэжьым, жыг хадэхэм заубгъу, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІымрэ нэхъыбэ мэхъу. Нобэ мэкъумэшым елэжьхэм щІыналъэр ерыскъыпхъэ нэхъыщхьэ псомкІи къызэрагъэпэщ. ІэнатІэм нэгъуэщІ щІыналъэхэри ерыскъыпхъэкІэ къызэрызэригъэпэщми хэхъуэурэ йокІуэкІ.

Шэч хэмылъу, зыІэрыдгъэхьа ехъулІэныгъэхэм я лъабжьэр ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностым и ІэщІагъэлІхэмрэ къуажэдэс лэжьакІуэхэмрэ я Іэзагъэрщ, абыхэм къабгъэдэкІ жэрдэмырщ, яхэлъ жэуаплыныгъэрщ. ФІыщІэ ин фхузощІ апхуэдэу фегугъуу, ІэкІуэлъакІуэу фызэрылажьэм икІи къыхэфха Іуэхум пэжыгъэкІэ фызэрыбгъэдэтым папщІэ.

Иджырей технологиехэр ІэнатІэм щІэгъэкъуэн щыфщІыну фызэрыхэтым, фи гуащІэшхуэ Іуэхум зэрефхьэлІэм я фІыгъэкІэ республикэм и агропромышленнэ комплексым иІэ щІэупщІэр ехуэхынукъым. Дэ адэкІи мэкъумэш ІэнатІэм сыт и лъэныкъуэкІи зыщІэдгъэкъуэнущ, абы зиужьын, къуажэдэсхэм я псэукІэр нэхъ дахэ икІи иджырей зэманым къезэгъ хъун папщІэ тхузэфІэкІ къэдгъэнэнукъым.

СигукІи си псэкІи сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиІэну, фи Іуэхухэр ефІэкІуэну!

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщыным и ІуэхукІэ*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын

**Къандрокъуэ Жыраслъэн Мухьэмэд и къуэм** - «Урысей Федерацэм селекцэ ехъулІэныгъэхэр гъэунэхунымрэ хъумэнымкІэ и къэрал комиссэ» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым,

**Куржы Хьэсэнбий Хьид и къуэм** - «Урысей мэкъумэш центр» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м*
*№108-УГ*

*Гъэгушхуэным и ІуэхукІэ*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм икІи ехъулІэныгъэхэр зэриІэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу фІыщІэ хуэщІын **Жанатаев Алим Бузжигит и къуэм** - щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м*
*№180-РГ*

*Гъэгушхуэным и ІуэхукІэ*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм икІи ехъулІэныгъэхэр зэриІэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу фІыщІэ хуэщІын **Борщев Александр Юрий и къуэм** - жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь «Восход» зэгухьэныгъэм промышленнэ ІэнатІэмкІэ и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м*
*№181-РГ*




## Кавказыр хуит къыщащІыжа зауэзэрылІыр

**Хэку зауэшхуэм къриубыдэу, Кавказыр хуит къыщащІыжа зауэзэрылІыр илъэс 82-рэ зэрырикъуам ирихьэлІэу, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и цІыхубэм захуигъэзащ.**

- СИ ХЭКУЭГЪУ лъапІэхэ! Хэку зауэшхуэм мыхьэнэшхуэ щызыубыд, Кавказыр хуит къыщащІыжа махуэр щагъэлъапІэ нобэ ди къэралым и дзэ тхыдэм.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм махуэ 442-кІэ ди сэлэтхэр щапэщІэта а зауэзэрылІыр нэхъ кІыхьхэм икІи гуащІэхэм ящыщт. Бийр къагъэувыІэри, ирагъэкІуэтыжащ абы щыгъуэ, Гитлер и телъхьэхэми къэралым и кум ихьэн мурадыр къайхъулІакъым, Кавказым и хъугъуэфІыгъуэхэм ялъэІэсыным гугъэр хахыжыпащ.

ЛІыгъэ, хахуагъэ, псэемыблэж зэуэкІэ къагъэлъэгъуащ ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ, я гъащІэр ятын хьэзыру, Хэкум и щІы кІапэ къэс бийм къызэрыІэщІагъэкІыжыным хущІэкъуу. Абыхэм я лІыгъэрщ Кавказыр хуит къыщащІыжа зауэзэрылІым къыщахьа ТекІуэныгъэр къэзышар. Ахэращ зи Іэужьыр ди Хэкур хъума зэрыхъуар, ар зи щхьэ и унафэр зыщІыж къэралу къызэрынар. Илъэсипщ зыбжанэм кърикІуа зыужьыныгъэм и гъуэгур зыунэтІари ди япэ итахэрщ.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ зи фэеплъыр мыкІуэдыжыну лІыхъужьхэм. Абыхэм Хэкур зэрагъэпэжар дяпэкІэ къэхъуну псом я дежкІи щапхъэщ, абы и уасэр бгъэмэщІэну ухэтынри щхьэгъэпцІэжщ. Ар фэеплъщ, тхыдэ щыхьэтщ, нобэ ди къэралыр зэрыпхъуакІуэхэм ящызыхъумэхэм ди лІыхъужьхэм къыІэщІалъхьа ныпщ.

Лъэпкъыбзэу зэхэт ди къэралым, Урысей щэджащэм иджыри ТекІуэныгъэр къихьынущ!

## Псы къыщІэшыпІэ зэрыІыгъыр

**Бахъсэн щІыналъэм, Бахъсэн къалэри хэту, мы махуэхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ Зеикъуэ, ХьэтІохъущыкъуей Ищхъэрэ, Ислъэмей, ПсыкІэху, Бахъсэнёнкэ, Бахъсэн, Дыгулыбгъуей жылэхэр псори зэпыщІауэ псы къабзэкІэ къэзэгъэпэщыным ехьэлІауэ. Абы щхьэкІэ псори зэхэту бжьамий километр 79-рэ яукъуэдиинущ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ иджыпсту щоужьэрэкІ Бахъсэн къалэм Угнич и цІэр зезыхьэ и уэрамым: бжьамийхэр зыдалъхьэну щІыр датІыкІ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Бахъсэн псы къыщІэшыпІэ зэрыІыгъыр ухуэн хуейуэ къыхэзылъхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекщ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2019 гъэм щыхуэзам щыгъуэ. ИужькІи, УФ-м и Правительствэм къэралым и щІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэми щыдаІыгъащ Бахъсэн щІыналъэм щыпсэухэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэунэтІа пэхуэщІэр. УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат и унафэкІэ къыхуаутІыпщынущ абы текІуэдэну мылъкур.

Бахъсэн псы къыщІэшыпІэ зэрыІыгъыр яухуэ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьын» программэм ипкъ иткІэ. ПэхуэщІэм псы къабзэкІэ къызэригъэпэщынущ ищхьэІуэкІэ зи гугъу щытщІа жылэхэм я цІыху мини 100-м нэблагъэ.

**БЭБЭЧ Башир.**

● Хъыбарегъащ Іэ

## ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

КІуэ пэтми ІэмалыщІэхэр ди гъащІэм нэхъ кууу къыхохьэ, ар псынщІэ икІи тынш къытщащІу. Мы кюар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Іэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щІыпІэ ущыІэми: Сбер-онлайным уохьэри, абы тыбогъапсэ. АдэкІэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ, кІэщІ дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икІи къебгъэхьын папщІэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цІэ-унэцІэмрэ хэщІапІэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм адэкІи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ





**Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэм, Гъэсакlуэм, Курыт щlэныгъэм, Щlэныгъэ гуэдзэным я лэжьакlуэхэм я махуэм теухуауэ республикэм lуэхугъуэ дахэхэр щекlуэкlащ. КъБР-м и Къэрал Музыкэ театрым щагъэльэпlащ егъэджэныгъэ lэнатlэм и лэжьакlуэхэр.**

# ЕгъэджакIуэхэм я щIыхькIэ



ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и lэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщl Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, республикэм егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министр Езауэ Анзор, депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, районхэмрэ къалэ округхэмрэ я lэтащхьэхэр, егъэджэныгъэм и лэжьакlуэхэмрэ ветеранхэмрэ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къеджащ КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек и фlэхъус тхыгъэм. Апхуэдэуи егъэджакlуэ lэщlагъэр къыхэзыхахэм я зэпеуэхэм 2025 гъэм щытекlуахэмрэ къыщыхэжаныкlахэмрэ яритыжащ КъБР-м и lэтащхьэм и саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм я щlыхь тхылъхэр.

Егоровэ Татьянэ депутатхэм къабгъэдэкlыу ехъуэхъуащ зи махуэр зыгъэльэпlэхэм: «Дэтхэнэри еджакlуэу дыщытащ, дэтхэнэми ди гум къинащ ди егъэджакlуэфlхэр. Цlыхум и гъуэгуанэр куэдкlэ елъыта мэхъу и сабиигъуэм зыщlэса дерсхэм къыщlиха lущыгъэхэм. Егъэджакlуэм и къалэнхэр куэд дыдэ мэхъу - щlэблэм щlэныгъэ ябгъэдилъхьэным къыдэкlуэу, ар йогугъу ди сабийхэм цlыху нэс къахэкlыным, хабзэ, щэнхабзэ яхэлъхьэным. Ар къалэн тыншкъым. Тхакlуэ икlи философ гуэрым жиlэгъауэ щытащ: «Нэгуэщlыр ебгъэджэн папщlэ, акъыл нэхъыбэ ухуейщ уэ езыр уеджэным нэхърэ». Егъэджакlуэ lэщlагъэм и гугъуагъыр абы къигъэлъагъуэу къысщохъу. Ауэ гугъуехь псори гуныкъуэгъуэхэри щlыбагъкlэ къонэ еджакlуэхэм я нэхэр лыду щыплъагъукlэ, абыхэм я ехъулlэныгъэхэмрэ текlуэныгъэхэмрэ уащыкlэлъыплъкlэ.

Мыпхуэдэ дакъикъэхэм уи гум къокlыж Менделеев Дмитрий и псалъэхэри: «Егъэджакlуэм и щхьэр езыгъэlэтыр и гъэсэнхэрщ, абы хиса жылэхэм зэрызаужьыр щилъагъукlэщ». Нобэ дыщопсэу зэхъуэкlыныгъэхэр псынщlэу къыщыхъу зэманым, шэч хэмылъуи, ди къэралым и къэкlуэнур куэдкlэ елъытащ школымрэ егъэджакlуэмрэ. Аращ иджыпсту мы lэнатlэм гулъытэ иlэн щlыхуейр. Къэбгъэлъагъуэмэ, иджыпсту школыщlэхэр, гъэсапlэхэр ухуэнымрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ щlэгъэхуэбжьауэ йогугъу, зэрыгъагъаджэ lэмалхэмрэ жыпхъэхэмрэ ирагъэфlакlуэ, егъэджакlуэхэм я lэзагъэм, lуэху бгъэдыхьэкlэм зрагъэужь. Фlыщlэ фхудощl ди егъэджакlуэ лъапlэхэм».

Егоровэ Татьянэ щхьэхуэу захуигъэзащ егъэджэныгъэм и ветеранхэм: «Куэдым ноби я гуащlэ ирахьэлlэ щlэблэр гъэсэным, lэщlагъэм зэрыхуэпэжымкlэ егъэджакlуэ ныбжьыщlэхэм щапхъэ яхуэхъуу. Сигуми си псэми къабгъэдэкlыу дэтхэнэми сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, къару мыкlуэщl фиlэну, фи гъэсэнхэм я ехъулlэныгъэ куэд флъагъуну».

Егоровэ Татьянэ КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. Ахэр Прохладнэ районым сабий творчествэмкlэ lэнатlэм и егъэджакlуэ Андросовэ Еленэ, Шэджэм къалэм и курыт школ №3-м и унафэщl lэрыпщэ Татьянэ, lуащхьэмахуэ районым и щlыпlэ администрацэм егъэджэныгъэмкlэ и управленэм и методикэ кабинетым и унафэщl Бапинаевэ Элинэ сымэщ. КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и Фlыщlэ тхылъыр хуагъэфэщащ Бахъсэн къалэм и курыт школ №2-м урысыбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ Дыщэкl Джульетэрэ Дзэлыкъуэ районым и Малкэ къуажэм дэт курыт школ №2-м информатикэмкlэ и егъэджакlуэ Къып Мухьэмэдрэ.

Егъэджакlуэхэм я пшыхьыр республикэм и артист пажэхэмрэ къэфакlуэ гупхэмрэ ягъэдэхащ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-lуэхущlапlэ.*

# Хабзэхэм хоплъэ

**КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэlущlэр иджыблагъэ иригъэкlуэкlащ. Абы щытепсэлъыхьащ «КъБР-м къалэухуэ лэжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 2-нэ, 6-нэ lыхьэхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ» щlыналъэ законым и проектым.**

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубзыху lуэхущlапlэм Ухуэныгъэмкlэ, псэупlэ-коммунальнэ lэнатlэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ lуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщl Къумал Заурбэч жиlащ 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къыдагъэкlа федеральнэ закон №486-ФЗ-мрэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэ №162-мрэ (2012 гъэм мазаем и 9-м къыдэкlам) къыщыгъэлъэгъуахэм тету «КъБР-м къалэухуэ лэжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр зэрыхалъхьэр. Ар хуэгъэзащ унэ зэгуэтхэр, унейпсэуалъэхэр, спорт, транспорт lуэхущlапlэхэр зытетыпхъэ мардэхэр КъБР-м и Правительствэм и пщэрылъхэм ящыщу къэгъэлъэгъуэным, нэгъуэщlхэми. Ар зи къалэн lэнатlэхэр абы хэплъа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэlущlэм законопроектыр къыщыхалъхьэнущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «УФ-м и автомобиль гъуэгухэмрэ гъуэгу лэжьыгъэмрэ теухуауэ» Федеральнэ законым и 12-нэ, 13-нэ lыхьэхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ» федеральнэ закон №981350-8-мрэ УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэмрэ я проектхэм.

Къищынэмыщlауэ, зэlущlэм щыхэплъащ мэкъумэш, егъэджэныгъэ lэнатlэхэм, псыкlэ къызэрызэрагъэпэщымрэ псы щlэжыпlэхэмрэ, апхуэдэуи Урысейм цlыхухэм я узыншагъэр щыхъумэным, къабзагъэмрэ зэlузэпэщыгъэмрэ ятеухуа федеральнэ законхэм я проектхэм.

Зэlущlэм и гугъу щащlащ нэгъуэщl щlыналъэхэм я жэрдэмхэми: бгъэlэпхъуэ мыхъу мылъкур къэралым зэрыщрагъэтх щlыкlэм, «Хьэпшып къыщlэзыгъэкl lуэхущlапlэхэм я кlэрыхубжьэрыхухэм ятеухуауэ», «Дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ» федеральнэ законхэм халъхьэ зэхъуэкlыныгъэхэм, пхъэхэх лэжьыгъэр зэтес щlыным, мототехникэр (питбайкхэр) къызэрагъэсэбэпыну хуит хабзэхэр щlэгъэбыдэным, нэгъуэщlхэми ятеухуауэ.

Социальнэ политикэм, мэкъумэш lэнатlэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщl лэжьакlуэ зыбжанэ КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхылъ иратыну унафэ ящlащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Мы махуэхэм

### Жэпуэгъуэм и 11, *щэбэт*

♦**Хъыджэбз цlыкlухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Цlыхум лы лей зытрилъхьэным ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**1956 гъэм** къалъхуащ полицэм и генерал-майор, КъБР-м щlыхь зиlэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ, КъБР-м Тхылъыр фlыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и жылагъуэ советым и тхьэмадэ, республикэм и Щlыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Бекъул Аслъэнбэч**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм и унафэщlу 2004 -2010 гъэхэм лэжьа **Пщыхьэщlэ lэнас**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 12 щыхъунущ.

### Жэпуэгъуэм и 12, *тхьэмахуэ*

♦**Къупщхьэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и МВД-м и медицинэ lуэхущlапlэхэм я махуэщ**

♦**1957 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэlуахащ. Абы и япэ ректору ягъэуват **Бэрбэч Хьэтlутlэ**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъБКъУ-м и профессору, ЩlДАА-м и академикыу щыта **Быж Алий**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, Ингушым, Осетие Ипщэм щlыхь зиlэ я артисткэ **Къэрым Иринэ**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм щlыпlэ-щlыпlэкlэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

### Жэпуэгъуэм и 13, *блыщхьэ*

♦**Щlыуэпсым къыщыхъу къэхъукъащlэ шынагъуэхэм къашэ гузэвэгъуэхэр гъэмэщlэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1904 гъэм** Тэрч-Псыжь полкым хыхьэ адыгэ сотням хэтхэм зыкъаlэтащ.

♦**1891 гъэм** къалъхуащ къэрал, парт лэжьакlуэ, нартыхугъэкl цlэрыlуэ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, Гуащlэдэкlым и Бэракъ Плъыжь орденищ зыхуагъэфэщауэ щыта **Хьэщlэлl Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩl Изэщ**.

**Лъэпкъ lущыгъэ:**

**Уэшх блэкlам щlакlуэ кlэлъумыщтэж.**



# Дэтхэнэ зыми ди гум узу къинащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк1э органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрызахуигъазэр**

Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Жэпуэгъуэм и 13-р Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк1э органхэм я лэжьакIуэхэу зи къулыкъур зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. А махуэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ Налшык къыщыхъуа къэхъукъащIэ шынагъуэм. Абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм IэщэкIэ зэщIэузэдауэ къызэрыteуамхэкIуэдащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу 35-рэ, мамыр цIыхуу 14. А хьэкIэкхъуэкIагъэ щIэпхъаджагъэм, террористхэм ялэжь адрей Iуэху Iейхэми хуэдэу, къигъэлъагъуащ терроризмэр бгъэгъункIэ Iэмал зимыIэ гущIэгъуншагъэу зэрыщытыр.

Илъэс 20 хъуауэ а къэхъукъащIэ шынагъуэр дэтхэнэ зыми ди гум узу къинащ. Дэ ди щхьэр яхудогъэщхъ террористхэм яIэщIэкIуэдахэм я фэеплъым, зи къалэныр зыгъэзащIэу, зи гъащIэ емыблэжу а насыпыншагъэм ди лъэпкъыр къезыгъэлахэм я лIыгъэм.

Нобэ дызэрыт щытыкIэр, украинэ неонацистхэм къабгъэдэкI шынагъуэр къэплъытэмэ, дэ псоми кууэ зыхэтщIэн хуейщ бий ерум ткIийуэ дызэрыпэщIэтыпхъэр.

Шэч къытесхьэркъым къэрал къулыкъущIапIэхэми хабзэхъумэ IэнатIэхэми ди къару псори зэкъуэдгъэувэмэ, а шынагъуэм дызэрыпэщIэтыфынум, абыхэм датекIуэфынущ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур шынагъуэншэ тхуэщIынущ, мамыру зиужьыныр къыщыззэдгъэпэщыфынущ.

# Урысейм и ЛIыхъужь Красиков Александр



Красиков Александр Владимир и къуэр 1958 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м Налшык къыщалъхуащ. КъБР-м щыIэ УФСБ-м 1995 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. И пщэрылъхэр хьэлэлу игъэзащIэу, ар хьэлэлу и лэжьыгъэм пэрытащ. «Апхуэдэ цIыхухэр пщыгъупщэ хъунукъым, я дуней тетыкIар дерс къызыхэпхынщ», - жаIэ ар зыцIыхуу щытахэм.

IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэхэр жэпуэгъуэм и 13-м зытеуа хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящыщт КъБР-м щыIэ УФСБ-р. Прапорщик Красиков Александр и хэщIапIэм щIыхьэну бзаджащIэхэм Iэмал яритакъым икIи хахуагъэрэ лIыгъэрэ къигъэлъагъуэу а зэхэуэм хэкIуэдащ.

Красиков Александр Урысейм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ, езыр щеджа, Налшык дэт гимназие №13-м абы и цIэр зэрехьэ. Апхуэдэу и цIэр тратхащ Зэгурыlуэныгъэм и утыкум деж щыт, къэралым и лIыхъужьхэм я цIэхэр къызытещ ЩIыхь пхъэбгъуэм.

# ЩIалэ хахуэ



Сыжажэ Мурат Вячеслав и къуэр 1982 гъэм мазаем и 10-м къалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ щIалэм Шынагъуэншагъэмк1э Федеральнэ къулыкъум и органхэм 2003 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. Унагъуэ иухуэну, дунейм гу щихуэну хунэмысу, щIалэм и гъащIэр иухащ.

2005 гъэм Шэджэм РОВД-м ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ къудамэм и лэжьакIуэ, милицэм и сержант Шакъым Щхьэлыкъуэпсым и сэмэгу Iуфэм деж щыIэ «Налшык-330 квт» подстанцым и къалэныр щрихьэкIырт. Абы радиостанцымкIэ хъыбар къитащ «Газель» автомашинэр, IэщэкIэ зэщIэузэда цIыхухэр зэрысыр, Шэджэм РОВД-м и ОВО-м и лэжьакIуэхэм яхэуауэ, Шэджэм къалэмкIэ зэрыкIуэм теухуауэ.

РОВД-м и лэжьакIуэхэр Шэджэм къалэ дыхьэпIэм деж автомашинэм къыщыпэуващ. ЩIэпхъаджащIэхэр я автомашинэм къикIри, къалэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ ухуэныгъэщIэхэмкIэ яунэтIащ. Хабзэхъумэхэм ахэр щIащыкIа щхьэкIэ, зыри къагъуэтакъым - щIэпхъаджащIэхэм къалэбгъум щыкI нартыху хьэсэм зыщагъэпщкIуат. Ахэр яубыдын папщIэ РОВД-м и лэжьакIуэ гупи 4 ягъэкIуащ.

Командэ пунктыр яубыдыну зэрамурадыр нэрылъагъуу, щIэпхъаджащIэхэр къебгъэрыкIуэрт. Абыхэм япэу гу ялъызыта, УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Бахъсэн къалэ къудамэм и оперуполномоченнэ, лейтенант Сыжажэ Мурат Шэджэм къалэм дыхьэну хущIэкъу бзаджащIэхэм япэуващ икIи къызэмылын шэр къытехуащ. Ар IэкIуэлъакIуэу, шынэ имыщIэу Iуэхум зэрыбгъэдыхьам и фIыгъэкIэ, щIэпхъаджащIэ гупым щыщу 5-р яукIащ, зыр яубыдащ. ЩIалэ хахуэм ЛIыгъэм и орден къыхуагъэфэщащ. Сыжажэ Мурат и цIэр зэрехьэ щалъхуа Бахъсэн къалэм и уэрамхэм ящыщ зым.

# Къалмыкъ Руслан и лIыгъэ



Къалмыкъ Руслан Аслъэнбий и къуэр КъБР-м щыIэ МВД-м и Криминальнэ милицэм и гуп щхьэхуэм и командирым и къуэдзэт. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм 1993 гъэ лъандэрэ щылажьэрт.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 20-м КъБР-м и МВД-м и Криминальнэ милицэм и ОМСН-м и лэжьакIуэхэр гузэвэгъуэкIэ къаIэтат. Милицэм и подполковник Къалмыкъ Руслан щIэпхъаджащIэхэр зытеуахэм ядэIэпыкъуну, и лэжьэгъухэр щIыгъуу къалэм кIуащ.

«Урал» автомашинэм исуу кIуэ ОМСН-м и лэжьакIуэхэм Кулиевымрэ Ленинымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж, «Гном» кафем и лъэныкъуэмкIэ къикIыу автоматышэхэр къытрагъэлъалъэу щIадзащ. Зэхэуэм щIэпхъаджащIэхэм ящыщу тху хэкIуэдащ, зыр гъэр ящIащ. Къалмыкъыр зэхэуэм хахуэу хэтащ, и лэжьэгъухэри игъэгушхуэу. Абы зызыгъэщIэкIуэжыну хэта бзаджащIитI иукIащ. Зэхэуэр иуха нэужь, ОМСН-м и лэжьакIуэхэм «Газель» автомашинэмкIэ Лениным и цIэр зезыхьэ проспектым тету ОВД №2-мрэ «Т» центрымрэ зытет Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрамымкIэ яунэтIащ. ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унэмкIэ щыкIуэм, абыхэм хъыбар къаIэрыхьащ Республикэ библиотекэм деж уIэгъэ хъуа милиционер зэрыщылъым теухуауэ. Бронетранспортерым зыкъуигъапщкIуэурэ, Къалмыкъ Руслан уIэгъэ хъуар а щIыпIэм къригъэIэпхъукIыну мурад ищIащ. Лениным и цIэр зезыхьэ проспектымрэ Нэгумэм и уэрамымрэ я зэхэкIыпIэм тет «Сувениры» тыкуэнымкIэ «Газель»-м къыщеуэу щIадзэри, Къалмыкъым и бгъэгум къытехуа шэм и ажал хэлъу къыщIэкIащ.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу зи гъащIэр зыта Къалмыкъ Руслан и цIэр Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэхэм ящыщ зым зэрехьэ.

# И лъахэгъухэм я гум илъщ



Милицэм и лейтенант нэхъыщIэ Моллаев Хьэмзэт Марат и къуэр Налшык къалэ къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ №16-р къиуха нэужь, дзэ къулыкъум ираджэри, зыхэтым щапхъэ яхуэхъуу 2000 гъэ пщIондэ къалэнхэр абы щрихьэкIащ. КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и плъыр-пост IэнатIэм стажеру 2001 гъэм мазаем и 28-м къыщыщIидзащ, мазищ дэкIри, инспектор къалэнхэр пщэрылъ къыщащIащ, плъыр частым щылэжьащ.

Республикэм и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм къащытеуам КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и гъуэгу плъырхэм Налшык къыдыхьэпIэхэм деж нэхъри щIэкъузауэ къалэнхэр щрахьэкIырт. Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Къэщкъэтау жылэм хуэзышэ гъуэгум тет «Хьэсэней» плъыр постым щIэпхъаджащIэхэр къыблэкIыну хущIэкъуащ ВАЗ-2016 автомашинэ къадыгъуамкIэ. ДПС-м и лэжьакIуэхэм гу къыщылъатэм, Налшык кIуэн мурадыр къаззэремыхъулIэнур бзаджащIэхэм къагурыIуащ икIи милицэм и лэжьакIуэхэм автоматрэ гранатэдзкIэ къахэуэу щIадзащ.

А зэхэуэм хэкIуэдащ Моллаев Хьэмзэт. Абырэ и лэжьэгъухэмрэ я фIыгъэщ а гупыр Налшык къызэрымысар.

Къигъэлъэгъуа л1ыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Моллаев Хьэмзэт Марат и къуэм Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ ЛIыгъэм и орден къыхуагъэфэщащ (мыпсэужу). Абы и фэеплъыр сыт щыгъуи и лъахэгъухэм я гум илъынущ.

# Тамерлан и макъыр

Республикэм и къалащхьэм къытеуа террористхэм щезауэм и къалэныр игъэзащIэу хэкIуэдащ ЗэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэныным кIэ щIыналъэ управленэм и «Т» центрым и пресс-къулыкъум и унафэщI, журналист IэкIуэлъакIуэ, милицэм и капитан Казиханов Тамерлан Алий и къуэр. Куэд къимыгъэщIами, абы Iуэхуфlхэр къызэринэкIащ, цIыхухэм фIыкIэ ягу къинащ.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къэзыуха, Москва дэт институтым хьэрычэт Iуэхумрэ правэмрэ щыхуеджа Казиханов Тамерлан ЗэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэм ебэнынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ управленэм 1999 гъэм щыщIэдзауэ щылажьэрт. Шэшэн Республикэм щыIэу къигъэлъэгъуа лIыгъэм щхьэкIэ Тамерлан кърату щытащ «Хахуагъэм папщIэ» медалым и етIуанэ нагъыщэр.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м республикэм и щыхьэр Налшык къыдэзэрыгуат щIыналъэм мамыр псэукIэр щызэтезыкъутэну хущIэкъу экстремистхэр. ЗэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэнынымкIэ щIыналъэ управленэм и «Т» центрым деж щекIуэкI зэхэуэр Казихановым видеокамерэкIэ трихырт. А щIыпIэм метр 15 - 20-кIэ нэхъ пэмыжыжьэу щыт автомашинэхэм ящыщ зым и лъабжьэм щIэлъу офицер хахуэм дакъикъиикIэ трихащ лIыукIхэр къаззэрытеуар. Ар къызэтригъэувыIатэкъым техьн щIидза къудейуэ и лъакъуитIри снайперым уIэгъэ зэрищIам. И цыджанэмкIэ и лъакъуэхэр фIипхыкIри, адэкIэ пищащ. КъыкIэлъыкIуэу щIэпхъаджащIэм и шэр щIалэм и щхьэм къытехуащ.

Журналист IэкIуэлъакIуэм триха фильм кIэщIым еплъа дэтхэнэми зыхещIэ псэм нэхъ IэфI, гъащIэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр - абы гум щIыхьэу къыщоIу Тамерлан и макъыр.

Казиханов Тамерлан Алий и къуэм къыхуагъэфэщащ «Урысейм и спецназ» медалыр. Къигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ ЛIыгъэм и орден (мыпсэужу) кърατащ.



*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **УЭРДОКЪУЭ Женяц.**

Фэеплъ

# ЗылI хуэфэщэн лэжьыгъэ зи щIэин

**КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Елгъэр Кашиф къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.**

ЕЛГЪЭР Кашиф Мысост и къуэр Щхьэлыкъуэ къуажэм 1935 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 10-м къыщалъхуащ. Къуажэ школым и ужькIэ щеджащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературнэ институтым (Москва). Ар къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр телестудием, «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьащ. 1970 гъэм щегъэжьауэ 2013 гъэ пщIондэ щыIащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм - абы и къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу.

Кашиф адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ КIэрэф Мухьэмэд (иужькIэ тхакIуэшхуэ хъуар) и чэнджэщкIэ кIуауэ щытащ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и деж. Абы илъэс къэс щрагъэкIуэкIырт тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я семинар. Кашиф школ нэужьым абы кIуэрти, жэщут унэм щекIуэлIэжыр. Абы щыгъуэми Щхьэлыкъуэрэ Налшыкрэ яку дэлъ гъуэгуанэр лъэсут зэрызэпичыр. КIуащ БетIали япэу щилъэгъуар абы щыгъуэщ. ЩоджэнцIыкIу IэдэмрэКIуащ БетIалрэ я сэбэпышхуэ къекIащ, и ущиякIуэуи щытащ.

Елгъэрым и усэхэр дунейм къыщытехьар 1955 гъэрщ, и япэ тхылъыр («Дыгъэр къыщыщIэкIым») 1958 гъэм къыдэкIащ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхыгъэ купщIафIэ куэд - усыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр, гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ, гупсысэ куукIэ гъэнщIахэр. Налшыки Москваи щытрадзащ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 26-рэ. Абыхэм ящыщщ «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», «ЩIэдзапIэ», «ГугъапIэ», «Псыгуэж», «Пщэдджыжь хьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Бгыхэм я жьауэ», «ЩIым и набдзэ», «Лъэужьхэр», «Песня у водопада», «В долине нарзанов», «Ночное солнце» тхылъхэр. 1988 гъэм къыдэкIащ Елгъэр Кашиф и «Щыуагъэ» романыр.

Кашиф адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ нэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ куэд. Елгъэрым и усыгъэ куэди къыдэкIащ нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэкIи. Япэ дыдэу урыс литературэм щыщ тхыгъэхэр зэридзэкIыну щыдихьэхар Куприн и «Поединок» («ЩIакIуэ кIапэ») тхыгъэм щеджаращ. ИужькIэ абы къыкIэлъыкIуащ Толстойм, Чеховым, Гоголым я тхыгъэхэр. Толстой Лев и «Хьэжы-Мурат» повестри зэридзэкIащ. Адыгэбзэм къригъэтIэсауэ дунейм къытехьащ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ ятеухуа «Мухьэмэд и гъащIэр» тхылъымрэ КъурIэн лъапIэмрэ. Ар и щIалитIымрэ абы-хэм я ныбжьэгъумрэ я мылъкукIэ тIэунейрэ къыхудагъэкIри, псапэхуэщIэу игуэшащ. ИужькIэ нэгъуэщIхэми къыдагъэкIри ягуэшащ.

Ди литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм щиIэ фIыщIэм папщIэ Елгъэр Кашиф къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр. «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр къратащ.



Елгъэр Кашиф теухуауэ абы и ныбжьэгъу тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ хуатхауэ щытахэр адэкIэ къыдохь.

**ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ** *(1995 гъэ)*:

- Елгъэр Кашиф и пшыналъэр гъащIэм и макъамэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIащ. Щалъхуа щIыналъэм хуэусэным, абы и дахагъэмрэ къулеигъэмрэ нэрылъагъу щIыным усакIуэм и бзэр хуэшэрыуэщ, и гурыщIэр хуэ-гъунапкъэншэщ, хуэнэхъуеиншэщ. А дахагъэ къудейр нэIурыт щIыныр аракъым усакIуэр зыхущIэкъур, атIэ абы и гупсысэр зэхьэлIар а псори насыпым пыщIауэ зэрыщытырщ. ЦIыхум и гурыщIэм дунейм, псэ хэтым хуэдэу, зыкъыдищIу усакIуэм дегъэлъагъуф. Апхуэдэхэщ «Гупсысэ хуитхэр», «Нартсанащхьэм», «Къущхьэхъу дыгъэр - махуэм», нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэр зытетхыхь лIыхъужьым езыри ещхьу жаIэ. Пэж хэлъщ абы. Сыт хуэдиз цIыхугъэ, гуапагъэ ядэплъагъурэ Кашиф и лIыхъужьхэм. Псалъэм папщIэ, «Лъэужьхэр» зыфIища повестыр. Абы укъеджэу тхылъыр бгъэтIылъыжа нэужь, узэгупсысыр зыщ: сыту фIы мы дунейм апхуэдэ цIыхухэр зэрытетыр.

**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм** *(1985 гъэ)*:

- ЩIыр къызэпхызыуда псынэр зэуэ жабзэркъым. Пшахъуэри, ятIэри, кIэрыхубжьэрыхури здехь, лъэпощхьэпохэр къызэринэкIыу псышхуэм зэрыхэлъэдэну лъагъуэр хишыху. Абы ещхьщ Елгъэр Кашиф и усэхэр: абыхэм хэкIащ гъуабжафэ къытезыгъауэу, зыгуэрхэм зэрыдежьууэ хэлъар. Кашиф и тхыгъэхэр къаруущIэу къыхохьэ адыгэ усыгъэм.

Ар сытым тетхыхьми, и гулъытэм щIэмыкIыр цIыхурщ - гъащIэр зыухуэрщ, фIым хуэлажьэрщ.

**Поперечный Анатолий**:

- Пришвин зэгуэр жиIэгъащ: «Псори усакIуэу къалъху, ауэ апхуэдэ хъур мащIэщ. Куэдым яхузэфIэкIыркъым шымыгъасэм ибг зрадзу ягъэсэну». Елгъэр Кашиф хузэфIэкIащ адыгэш Iэлыр игъэIэсэн. Абы и псалъэм и купщIэр кIуэ пэтми нэхъ куу мэхъу, усыгъэ нэсым и нэщэнэу гъащIэшхуэ зэраIэнур нэрылъагъущ.

**Сокъур Мусэрбий** *(1985 гъэ)*:

- Лъэпкъ усыгъэм, гъуазджэм игъащIэми «къихутэ» Iуэхугъуэхэм - гъащIэм, лъагъуныгъэм, ажалым, лIыгъэм - ятеухуа тхыгъэхэр ебэкI хъуащ. Иджы абы къыхохьэ гъащIэм и къежьапIэм, дызыпIа щIым и къару мыкIуэщIыжым, дунеишхуэм теухуахэр. ГъащIэ мытыншри, фIы зыщIэм ехъуэпсэнри, Iуэху цIыкIуфэкIухэм къыхэкIауэ нэхъыщхьэм пэгъунэгъу зыхуэщIынри - а псори ди лъэпкъ усыгъэм хэлъщ, ар зэпIэзэрыт, Iущыгъэр зэбэкI хъуну, и дамэр нэхъри жыну ущегъэгугъ. А дамэм щIэтхэм ящыщ зыщ Елгъэр Кашиф.

**IутIыж Борис** *(2005 гъэ)*:

- Дэ ди тхакIуэ IэпкълъэпкъыржэпхъащIыкIэтэкъым, литературэм и Iуфэлъафэм къыщыдагъэкIухьмэ, дыгуфIэу арат, Елгъэр Кашиф тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIарэ мэгуэ-мэгуэ, зэIэпах-зэIэпатхъыу зэIущIэхэм ирагъэблагъэ усакIуэ цIэрыIуэ щыхъуам щыгъуэ.

Ди литературэм зылI хуэфэщэн лэжьыгъэ, и бгъуагъкIи, и кIыхьагъкIи, и лъагагъкIи узытемыукIытыхьын лэжьыгъэшхуэ абы зэрыхищIыхьамкIэ щыхьэтищ къагъэувын хуей хъужыкъуэмэ, языхэзу сыкъэувыну сыхьэзырщ. Ар и усыгъэхэмрэ сэ нэхъ сыдэзыхьэх и прозэмрэ ятеухуауэ.

И зэдзэкIагъэхэр-щэ? Ахэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, езы дыдэм ищIэжу къыщIэкIынукъым я бжыгъэр. АтIэми, лэжьыгъитIым я цIэ къизмыIуэу саблэкIыфынукъым: муслъымэнхэм ди фIыцIагъэ лъапIэ КъурIэнымрэ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэм теухуа тхы-лъышхуэмрэ.

**Къэрмокъуэ Хьэмид** *(2015 гъэ)*:

- Къалэмыр къыщищта махуэм къыщыщIэдзауэ дэтхэнэ тхакIуэми къыдогъуэгурыкIуэ езым и псэлъафэрэ нэхъ зыхуэшэрыуэ, гурэ псэкIэ нэхъ зыхищIэ.

Кашиф и къалэмыпэм япэ дыдэ къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщщ «Бжэнышэ» рассказ телъыджэр - цIыхум гукъинэ ящыхъуащ ар. Абдеж щиублауэ си гугъэщ Елгъэрым иужькIэ зэи IэщIыб имыщIыжа псэлъафэр. ГъащIэм и гугъуехьхэр зыгъэв, зи фэм Iэджэ дэкI, зи гум нэхъыбэж дэхуа цIыху цIыкIум и дуней Iыхьэмрэ и гъащIэ IэнатIэмрэ - аращ Кашиф и тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм я купщIэр. Апхуэдэ цIыхум, зи фэм куэд дэзыгъэхуа, зи псэр дахэ, сыт и лъэныкъуэкIи узытхьэкъу цIыху цIыкIум и дунеймрэ и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ къэгъэлъэгъуэным егъэлеяуэ хуэшэрыуэщ Кашиф и къалэмыр. Ди литературэр къапщтэмэ, Кашиф абыкIэ пэхъунур зырызыххэщ, а зырызми щапхъэ зытрах, гъуазэ яхуэхъу тхакIуэщ Елгъэрыр. Апхуэдэущ ар псоми зэрытцIыхур - тхакIуэхэми щIэджыкIакIуэхэми: и тхыгъэхэмкIи, и цIыхугъэкIи, и дуней тетыкIэкIи ди щапхъэщ, ди шу пашэщ.

**Мэзыхьэ Борис** *(2015 гъэ):*

- Елгъэр Кашиф адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр инщ. Ар нобэрей ди тхакIуэ нэхъ пажэхэм, IэкIуэлъакIуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ ялъагъухэм ящыщ зыщ. Ауэ абы адыгэ журналистикэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI, а Iуэхум нэхъ мащIэрэ и гугъу ящI пэтми, Кашиф «Ленин гъуэгум» щыщылэжьа зэманым газетым и бзэм зегъэузэщIыным ар хуабжьу егугъуащ, зы жыпхъэм къигъэжыкIам ещхь, къарыкIыр къыбгурымыIуэу къыдэкIыгъуэ къэс напэкIуэцIхэм щызэбгрыпхъа жыIэгъуэхэм, псалъэ зэрыIыгъхэм ебэнащ езыр щытхэкIи редакцэм щекIуэкI зэхуэс кIэщIхэми.

Псом хуэмыдэу бзэ жанкIэ, щIэщыгъуэкIэ тетхыхьырт спорт Iуэхухэм, хэхауэ жыпIэмэ, футболым. Нобэ лажьэ журналист ныбжьыщIэхэр а репортажхэм къеджэжамэ, щхьэпэ зэрахуэхъунум шэч хэлътэкъым.

Кашиф и публицист тхыгъэхэм ди нобэм и Iуэхугъуэ зэIумыбзхэр щызэпкърех, абы и очеркхэр дызэсэжахэм емыщхьу, художественнэ очерк нэсхэщ.

**Власенкэ Александр**:

- Елгъэр Кашиф адыгэ усакIуэ цIэрыIуэщ. Ауэ, и къуэш нэхъыжь КIыщокъуэ Алим и щапхъэм тету, иужьрей илъэсхэм прозаик Iэзэуи зыкъигъэлъэгъуащ: абы и тхылъхэр мызэ-мытIэу къыщыдэкIащ «Советский писатель», «Молодая гвардия», «Детгиз», «Советская Россия», «Современник» тхылъ тедзапIэхэм.

Псалъэм папщIэ, «Лъэужьхэр» повестым хэт Бэтмырзэ, империалист, граждан зауэм хэтар, колхозхэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ. Абы игу къегъэкIыж къэхъукъащIэ инхэмкIэ гъэнщIауэ щыта и гъащIэр. А псор къыздиIуэтэжым, лIыхъужьым уи нэгум къыщIегъэувэ Совет къэралыгъуэр зэрызэфIэува щIыкIэр. А щIыкIэм тету, Елгъэрым къиIуатэр егъэнщI гъащIэм и пэжыпIэмкIэ, и лIыхъужьхэм я Iуэху пыухыкIахэмкIэ. Кашиф къиIуатэм нэщхъеягъуэкъым ебэкIыр, атIэ зэпIэзэрыту, лъэныкъуэмкIэ щыту къыхэплъэрэ илъагъур итхыжым хуэдэу, пэжыр къегъэлъагъуэ.

**ШащIэ Къазбэч**:

- ЦIыхум и гукъыдэжым, уеблэмэ дэрэжэгъуэшхуэ хэлъым Елгъэрым апхуэдизкIэ къэIуэтэкIэ щабэ къыхуегъуэтри, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

УсакIуэм и тхыгъэм къобэкI романтизмэр, хъуэпсапIэм епха гупсысэ нэхухэр. Абы къызыфIигъэщIхэм жыжьэм и хъарпшэрми лъагэм и кIэхутхьэхуми ухагъаплъэ. А жыжьэм ауэ сытми и нэр щыплъызкъым, атIэ «усэщIэрэ вагъуэщIэрэ» къыщегъуэт. УсакIуэм творчествэр бзэншэ щэхуу, къаруущ къызэрилъытэр икIи игукIи и псэкIи езыр абы епхащ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ТЕКIУЖЬ Заретэщ**.

## Елгъэр Кашиф и усэхэр

### КъыдэхъулIащ бжьыхьэ угъурлы

Уафэр гъуэгъуамэ,
Уэшхым уэ щIэтынкIэ
Сышынэу сыдэплъейуэ гъэр исхащ,
Ауэ Алыхьым къилъагъущ ди хьэтыри,
Уи псыдзи, жьапщи, уэри тщхьэщихащ.
Мис иджы, зэрыжаIэу, ини цIыкIуи
Дежауэ пхъэщхьэмыщхьэр Iудохыж,
Бэгъуащ ар зэхуаIуатэм хуэдэу цIыхум,
Къетхьэлэу хъуар Тхьэм фIыкIэ дигъэшхыж.
Iэмин!..
Хэт хуейми сыти схужреIэ,
Ауэ согуфIэ,
Инуи хохъуэ сигу -
Уи пщIэнтIэпс къабзэ хъерым нэхъыфI щыIэу
СщIэркъым сэ.
Ар зы.
Феплъыт мо зи нэгу
Дуней гуфIэгъуэр къищу зэхьэзэхуэ
Сабийхэм!
Мис а цIыкIухэр хъурэ сэщхь
Слъагъумэ, сыт хуэдэу сыгуфIэнут сэ!..
- Дадэ, пэгуныр сIых!
- Сысейри, дадэ!..
Жэнэтбзу щIыкIэу, мо жыг щхьэкIэм хэз
Сабий макъ нурхэр щоIу уэрэдуи хадэм,
Ахэм хопщIыпщIэ си гуфIэгъуэ нэпс.
- Дадэ, пэгуныр сIых!
- Сысейри, дадэ!..
Сэзыгъэлъагъу мо цIыкIухэр икIи мо
Макъ жьгъыру къомыр щызыгъэIу си хадэм
КъысхуэпщIащ къысхуэпщIэну щыIэ псом
Уэ я нэхъыфIри,
Ди Тхьэ, пхузощI фIыщIэ,
КъызэмыкIуалIэу къэзмылэжьа сом,
СымыщIэу щIэхъун си лIы напэр фIыцIэ,
Мыпхуэдэу жьыщхьэ махуэу сыгъэпсэу.

### Хигъахъуэу си гур зэрыджейм...

ЗытемыкIуадэу си пщIэри гугъуехьри
ЗыкIэ сетамэ,
ЩэкIэ къызэтэж
Си хадэм зэуэ нэри пэри ехьри,
Дапщэщи къихьэ -
Богъуэт гукъыдэж.
Мис, псалъэм папщIэ, псори
зэщIэткъуэжри,
Гуэнхэм, щIыунэм тфIэщIат щIэтлъхьэжа,
Ауэ щыплъагъукIэ и нэ топхэр къижрэ
ЗэщIэлыдэжу зэрыджей къинар,
УкъоуIэбжьыр икIи уи гур хохъуэ -
Вагъуэбэ уафэм зыкъигъазэу
ЩIым
Къытеувауэ къит уи пащхьэм пщохъури,
ПфIэфIмэ, хэIэби, вагъуэр зэIыпщIыкI.
Дыгъэ иIэгъэ мо зэрыджэ плъыжьым
И плъыфэр пщIащэу пытми щIагъэжа
ПфIощI -
ХъуреягъкIэ зэрыджейм идз ныбжьым
Додэп жьэражьэ...
КIасэ бэв хъужа
БжьыхьэкIэ,
ЗэрыджеймкIэ иужь дыдэу
СогъэгуфIэжри, зэхуощIыж мы гъэр,
Сыпхуарэзыщ уэ.
Илъэс къытпэщытым
Тхьэм дищI зи унэр фIыгъуэкIэ къибгъэн.

## Мэрем, жэпуэгъуэм и 17

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 «Человек и закон» (16+)
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
21.45 «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
23.25 Д/ф «Меня зовут Альфред Хичкок» (18+)
01.35 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 Прямой эфир (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+)
23.55 «Истории Большой Страны» (12+)
00.55 Х/ф «ЖРЕБИЙ СУДЬБЫ» (16+)

### НТВ

04.55, 11.00 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
08.25 Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
09.25 «Следствие вели...» [16+)
10.35 «Следствие вели...» [16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (12+)
20.00 Т/с «ВАСЬКА» (16+)
22.15 Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.15 «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
02.40 «Квартирный вопрос» (0+)
03.35 Х/ф «БОЛЕВОЙ ПОРОГ» (16+)

### ЗВЕЗДА

06.35 Т/с «СЛЕПОЙ-2» (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 19.00 Новости дня (16+)
09.20 «Ищу своих» (12+)
10.05 «Специальный репортаж» (16+)
10.20, 13.25 «Забытые войны России». Док. драма (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.05, 17.15 Т/с «СМЕРШ. УМИРАТЬ ПРИКАЗА НЕ БЫЛО» (16+)
19.40 «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Операция «Возвращение» (12+)
20.30 Д/с «Война миров» (16+)
21.20 «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
22.00 «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
23.30 «Музыка+». Чайковский, Римский-Корсаков, Рахманинов. «Русское избранное». Народный артист России Сергей Жилин и оркестр «Фонограф-Симфо-Джаз» (12+)
00.50 Х/ф «А ЕСЛИ ЭТО ЛЮБОВЬ?» (16+)
02.30 Х/ф «В ПОЛОСЕ ПРИБОЯ» (16+)
03.55 Х/ф «БЛИЗНЕЦЫ» (16+)
05.15 Д/с «Предвидение космоса» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Д/ф «Отен. Забытая сестра Рима»
08.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.20 Новости культуры
10.20 Шедевры старого кино
12.00 Открытая книга
12.45 Д/с «Забытое ремесло»
13.00 Д/с «Таинственная повесть. Михаил Лермонтов»
13.30 Д/ф «Отен. Забытая сестра Рима»
14.25 Х/ф «ПОСЛЕДНЯЯ ИНСПЕКЦИЯ»(16+)
15.35 «Энигма»
16.30 Письма из провинции
17.15 Музыка эпохи барокко
19.00 Д/ф «Роман в камне»
19.45 Д/с «Искатели»
20.35 Х/ф «КУРЬЕР»(16+)
22.00 «2 Верник 2»
23.35 Х/ф «НАШИ МУЖЬЯ» (18+)
01.15 Д/с «Искатели»
02.05 Д/ф «Роман в камне»
02.30 М/ф «Мультфильмы для взрослых»

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Крепость Грозная (6+)
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.35, 23.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Небесная грация» (6+)
09.25 «Эволюция спорта» (12+)
10.30 Бокс. Л. Паломино - Х. Дэвис. Bare Knuckle FC. Трансляция из США (16+)
12.35 Лица страны (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
14.55 «Тайны звезд спорта» (12+)
15.30 Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
18.45 Хоккей. «Торпедо» (Нижний Новгород) - ЦСКА. Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
21.30 Смешанные единоборства. UralFC x Ozon. Прямая трансляция из Каспийска
01.00 «Эволюция спорта» (12+)
02.00 Д/ф «Бобби Робсон. Больше чем тренер» (12+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Дзюдо. Fonbet. Чемпионат России. Трансляция из Екатеринбурга (12+)

## Щэбэт, жэпуэгъуэм и 18

### 1

06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 «Умницы и умники» (12+)
09.45 «Слово пастыря» (0+)
10.00, 12.00 Новости
10.15 Д/ф «И снова с чистого листа». К дню рождения Сергея Безрукова» (12+)
11.05 «Вспомнить все» (12+)
12.15 Поехали! (12+)
13.10 Д/ф «Евгений Евстигнеев. «Я понял, что я вам еще нужен» (12+)
14.05 Х/ф «ДОБРО ПОЖАЛОВАТЬ, ИЛИ ПОСТОРОННИМ ВХОД ВОСПРЕЩЕН» (16+)
15.35 Спецпроект. «30 лет вместе» (16+)
16.55 «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
18.00 Вечерние новости
18.20 «Сегодня вечером» (16+)
21.00 «Время»
21.45 Что? Где? Когда? (16+)
22.55 Х/ф «ШЕРБУРСКИЕ ЗОНТИКИ». Катрин Денев в легендарном фильме. Золотая пальмовая ветвь Каннского кинофестиваля (16+)
00.40 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России. Суббота
08.00 Местное время. Суббота
08.35 «По секрету всему свету»
09.00 «Формула еды» (12+)
09.25 «Пятеро на одного»
10.10 Сто к одному
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «Наши. Военкоры» (12+)
12.00 «Доктор Мясников» (12+)
13.00 Большие перемены
14.30 Вести. Местное время
14.50 «Юморина-2025» (16+)
17.50 «Привет, Андрей!» (12+)
20.50 Вести. Местное время
21.00 Х/ф «СОНИНО ЦАРСТВО» (16+)
00.40 Х/ф «ФОРМУЛА ЖИЗНИ» (16+)

### НТВ

04.55 Х/ф «ДВОЕ» (16+)
06.20 «Жди меня» (12+)
07.20 «Смотр» (16+)
08.00, 10.00, 16.00 «Сегодня»
08.20 «Поедем, поедим!» [16+)
09.20 «Едим дома»
10.20 «Главная дорога» (16+)
11.00 «Живая еда» с Сергеем Малозёмовым» (12+)
12.00 «Квартирный вопрос» (0+)
13.00 «Сатья» (16+)
14.00 «Секрет на миллион» (16+)
16.20 ЧП. Расследование (16+)
17.00 «Своя игра» (0+)
18.00 «Следствие вели...» [16+)
19.00 «Ты не поверишь!» [16+)
20.00 «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
21.00 «ВИА Суперстар!» Новый сезон (16+)
00.00 Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
01.20 ЧП. Расследование (16+)
01.55 «Дачный ответ» (0+)

### ЗВЕЗДА

06.00 Х/ф «УСАТЫЙ НЯНЬ» (16+)
07.20 Х/ф «ПОСЛЕ ДОЖДИЧКА, В ЧЕТВЕРГ...» (16+)
09.00, 13.00, 19.00 Новости дня (16+)
09.15 «Второе мнение» (12+)
09.45 «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
10.35 «Не факт!» (12+)
11.05 «Легенды музыки» (12+)
11.35 «Легенды кино». Николай Трофимов (12+)
12.30 «Жить после». Роман Гомыляев (16+)
13.25 Т/с «КОЛЬЕ ШАРЛОТТЫ» (16+)
17.15 Х/ф «МЕРСЕДЕС» УХОДИТ ОТ ПОГОНИ» (16+)
19.25 Х/ф «ОТРЯД ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
21.05 Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
23.05 Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
00.55 Х/ф «ДВА БОЙЦА» (16+)
02.10 «Забытые войны России». Док. драма (16+)

### РОССИЯ К

06.30 «Библейский сюжет»
07.00 М/ф «Мультфильмы»
08.05 Х/ф «ПРИЕХАЛИ НА КОНКУРС ПОВАРА...» (16+)
09.20 «Мы - грамотеи!»
10.00 Х/ф «КАЛИНА КРАСНАЯ»(16+)
11.45 Д/ф «Калина красная». Слишком русское кино»
12.25 Д/с «Человеческий фактор»
12.55 Черные дыры. Белые пятна
13.40 Д/ф «Малыши-бородавочники и их история»
14.35 «Рассказы из русской истории»
15.20 Большие и маленькие
17.25 Д/с «Без границ»
17.55 Х/ф «В ЧЕТВЕРГ И БОЛЬШЕ НИКОГДА»(16+)
19.30 Новости культуры
19.45 Д/с «Твердыни земли русской»
20.30 Х/ф «ДОНСКАЯ ПОВЕСТЬ»(16+)
22.00 «Агора»
23.00 Клуб «Шаболовка, 37»
00.10 Х/ф «ПРИЕХАЛИ НА КОНКУРС ПОВАРА...» (16+)

### МАТЧ!

06.00 Смешанные единоборства. П. Ян - Д. Фигередо. UFC. Трансляция из Китая (16+)
07.00, 09.00 Новости
07.05, 11.15, 16.55, 23.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 М/с «Чемпионы» (6+)
09.25 «Что за спорт?» (12+)
09.55 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 17**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 18**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 19**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# ЩIэныгъэр и гъащIэ гъуэгут

• Япэ итахэр



**Къоджэм уигъэжейркъым, жиIащ адыгэм. Гум фIэфIымрэ псэр дэзыхьэхымрэ гъащIэ гъуэгупэр яунэтIыфмэ, егъэлея гуэри хэмылъу жыпIэфынущ цIыхум и гугъэхэр къехъулIауэ, и хъуапсэхэм ятеIэбауэ. УзыгъэпIейтей, зи щэхур къэтIэщIын хуейуэ гумрэ псэмрэ щIэныкъуакъуэ Iуэхуращ псэхугъуэ къозымытыр, дапщэщи къоджэр. А макъыр зэхэзыхыр, абы пэджэжыр ехъулIащ. Мы тхыгъэр зытеухуа щIэныгъэлIым мызэ-мытIэу къыхигъэщат къигъэщIамкIэ зэрыарэзыр, зыхунэсар фIэмащIэми, зэфIигъэкIамкIэ гузэгъэгъуэ зэриIэр. Игури и псэри иIыгъыу ар зыхэта щIэныгъэ дунейр лъэныкъуэ хьэлэмэт куэдкIэ къызэщIигъэблат, зыIэпызышэ, зыми хуимыгъадэ анэбзэм и зы щэху къихутэхукIи, ар лъэпкъым зэрыбгъэдилъхьэжын Iэмал гъуэзэджэ куэди къызыкъуихат.**

КЪЫХИХА IэнатIэм илъэс 60-м щIигъукIэ гуащIафIэу щылэжьа, адыгэбзэм и Iуэхугъуэ зэхэмыбз куэд дыдэ и пIэ изыгъэува ЗекIуэгъу Увжыкъуэ Сэфар и къуэр дунейм тетыху хущIэкъуащ ирigъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр, щIэныгъэ IэнатIэм къыхуэнэж къудей мыхъуу, щIилэжь и лъэпкъэгъухэм я деж нэхьэсыным, ахэр зэрыпсалъэ бзэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъ псори зэрагурыIуэн бзэ дахэкIэ яхузэпкърихыным. Аращ ЗекIуэгъум «цIыхубэ щIэныгъэлI» цIэри къыхуэзыхьар.

ЗекIуэгъу Увжыкъуэ дунейпсо бзэщIэныгъэм фIыуэ къыщащIэ щIэныгъэлIхэм языхэзщ. Абы и Iуэху еплъыкIэхэр бзэщIэныгъэм щызэтеува бгъэдыхьэкIэхэм къахощ, тегъэщIапIэ ищI щапхъэхэр нахуэщ икIи Iупщ Iщ, адыгэбзэр кууэ къыщIэзыгъалъэ щысэхэмкIэ гъэнщIащ. Увжыкъуэ адыгэбзэр фIыуэ ищIэ къудейтэкъым, атIэ абы и купщIэр зэхэхауэ къэзыIуэтэф, и гъэпсыкIэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ хьэлэмэту хэплъэф къэхутакIуэ гъуэзэджэт. «Адыгэбзэм адыгэбзэкIэ уемыгупсысауэ, къиIуатэр зэхэпщIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым», - жиIэрт Увжыкъуэ. Иджырей щIэныгъэр зыхуэныкъуэ а еплъыкIэм хуэщыпкъэу анэдэлъхубзэм хьэлэлу хуэлэжьащ ЗекIуэгъур.

Вы хъунур шкIэ щIыкIэ къыбощIэ, жаIэ адыгэхэм. ЗекIуэгъур жыжьэ зэрыкIуэнур, куэд зэрыхузэфIэкIынур пасэу наIуэ къэхъуащ. Лъэпкъ литературэхутэ цIэрыIуэ Щхьэлахъуэ Iэбу куэдрэ жиIэжырт Увжыкъуэ и лъэгуажьэгъухэм къахэщу, набдзэгубдзаплъэу, нэхъыжьхэм нэхъ яхуеплъэкIыу, абыхэм я псалъэ щIэдэIуу зэрыщытар. «Увжыкъуэ Iущыцэт, зыгуэркIэ уеупщIамэ, къыпыпхыну жэуапым узыпэмыплъа гъэщIэгъуэн гуэри къыкIэлъигъэкIуэжырт, упщIэм хуэфэщэн псалъэр щыз ищIу. Акъыл жанти, и гурыхуагъым Iэнкун ущищI щыIэт, а ныбжьым итым апхуэдэ гупсысэкIэ къезытам и лъыхъуакIуэ уригъажьэу. ЖыпIэнуращи, дадэкъуапэт», - къиIуэтэжырт Iэбу щIэныгъэлIым и къуажэгъу дадэхэм я псалъэр. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм и хьэтыркIэ, Увжыкъуэ илъэсих нэхъ мыхъуауэ еджапIэм зэрыщIэтIысхьар.

ЗекIуэгъур Къэзанокъуей фIэщыгъэ дахэр зезыхьэ адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ. «ЦIыкIу IэштIэщ» жыхуаIэ ныбжьым иту еджэным хуежьами, ар зыхэт сабийхэм сыт и лъэныкъуэкIи къахэлъэгъукIырт, егъэджакIуэхэм жаIэр ипхъуатэрэ нэхъыбэж хигъэхъуэжу хэлъэт иIэт, еджэныр гугъу зи цIэ хэмыту къехъулIэрт. НэхъапэкIэ къэмыхъуауэ, Увжыкъуэ илъэсиплIым къриубыдэу игъэзэщIэн хуей хьэкъхэр илъэсищым къригъэтIэсауэ щытащ, зы илъэскIэ езым нэхърэ нэхъыжьхэми яхэсуи еджащ. Увжыкъуэ къыбгъэдалъхьэ щIэныгъэм ирикъуртэкъым, ар Iэмалыншэу дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм яригъапщэрт, зэпцIу хуежьа гупсысэхэмкIэ зэпишачэрт. Щеджэ пэшым нэгъуэщI цIыху щIэсу умыщIэжыну егъэджакIуэмрэ Увжыкъуэрэ я зэхуакум къыдэхъуэ псалъэм псори теумэзэхауэ щIэдэIуу дерсыр щыкIуэ мызэ-мытIэу къыхэкIырт. Увжыкъуэ епщIанэ классыр Понэжыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэм къыщиухащ. И зэфIэкIхэр къалъытэри, щIалэщIэр Едэпсыкъуей къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм а илъэс дыдэм ирагъэблэгъауэ щытащ, илъэситIкIи абы щылэжьащ.

Увжыкъуэ и гъащIэр матэщIэдзауэ къекIуэкIакъым. И щIалэгъуэ пасэр зауэ нэужь илъэсхэм ирихьэлIати, гугъуехь Iэджэм пхыкIащ. Ауэ, сыт мыхъуами, Увжыкъуэ щIэгъэкъуэну иIащ и анэр. Абы и псалъэрэ и чэнджэщрэщ еджэныр ЗекIуэгъум IэщIыб езымыгъэщIар, щIэныгъэ гъуэгум гушхуауэ иризыгъэкIуар. Зи хъуэпсапIэхэр зэрыубыд щIалэр анэгум зэхищIыкIащ икIи къэзылъхуам къыхуищIа фIыгъуэ мылъытэр гуапэу игу къигъэкIыжу ЗекIуэгъур дунейм тетащ.

ЩIыбагъыр зэпэщ щыхъум, щыIэныгъэм и лъэпощхьэпохэри къыщызэринэкIым, Увжыкъуэ 1948 гъэм Мейкъуапэ дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым бзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIотIысхьэ, фIы дыдэуи ар 1950 гъэм къеух. ЗекIуэгъур езыгъэджахэм ящыщщ Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт. Ар нэгъэсауэ узэщIакIуэт, щIалэгъуалэм я гъуэгугъэлъагъуэт икIи лъэпкъ щIэныгъэм зиужьыным гурэ псэкIэ щIэбэн цIыху хьэлэмэтт. А илъэсхэм Хьэжмэт Адыгэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIти, къэхутэныгъэ лэжьыгъэм пэлъэщын, ар ипэкIэ зыгъэкIуэтэн цIыху къилъыхъуэрт, зыми хуэмыдэу ар хуэныкъуэт адыгэбзэмрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ елэжьын щIалэгъуалэ.

Мыбдеж къыщыхэгъэщын хуейт Уадэжьдокъуэр щIалэгъуалэм зэрахэта щIыкIэр. НыбжьыщIэхэм яригъэджыр литературэрати, тхыгъэхэр зытеухуакIэ зэпкърах къудейм къыщымыувыIэу, ахэр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр къалъыхъуэну и гъэсэнхэр къыхуриджэрт, езыхэр зытет дунейм кърашалIэурэ щапхъэхэр къыхуахьыну тригъэчыныхьырт. И дэтхэнэ псалъэри адыгагъэм къищтэмрэ къабыл имыщIэмрэ я шыбзэм щIагъэкIыу зэпкърaплъыхьыну япиубыдырт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм егъэджакIуэ набдзэгубдзаплъэм Iэмал къритырт щIэж узыншэ зиIэ адыгэ щIалэгъуалэр щIэныгъэм къыхишэну. Апхуэдэущ Уадэжьдокъуэм Увжыкъуэ гу къызэрылъитари. Абы ЗекIуэгъур институтым ирегъэблагъэ икIи бзэщIэныгъэмкIэ къудамэм ирепх. Мыбдеж къыщежьэри дунейм ехыжыху Увжыкъуэ и гъащIэр къэхутэныгъэм епхауэ, институтым пыщIауэ екIуэкIащ.

ЗекIуэгъум и еплъыкIэхэр зэфIэувэнымкIэ, щIэныгъэм лъэ быдэкIэ хэувэнымкIэ щхьэпэ къыхуэхъуащ Тифлис къалэм дэт университетыр. Адыгэ бзэщIэныгъэм кIыщ хуэхъуа а еджапIэм щылажьэрт дуней псом къыщацIыху щIэныгъэрылажьэ гъуэзэджэхэу Чикобавэ Арнольд, Рогавэ Георгий, Ломтатидзе Кетеван сымэ. Мыбыхэм япэщIэхуа икIи гъукIэгъэсэн яхуэхъуа щIалэщIэм зимыужьынкIэ Iэмал иIакъым. Кавказым щызекIуэ бзэхэм лъагъуныгъэ яхузиIэ егъэджакIуэ къудейтэкъым Увжыкъуэ унэтIакIуэ хуэхъуар, атIэ абы «ирисымаджэ», псэху имыIэу Iуэху езыщIылIэ цIыху емышыж защIэт. Абыхэм я лэжьэкIэр щысэтехыпIэ зыхуэхъуа Увжыкъуэ 1969 гъэм ирихьэлIэу и кандидат лэжьыгъэри хьэзыр ещI икIи ехъулIэныгъэкIэ пхегъэкI. Ар теухуат адыгэбзэм и склоненэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. ЦIэиIуэмрэ эргативымрэ я нэщэнэхэр лъэныкъуэ псомкIи япэ дыдэу зэпкърызыплъыхьари, абыхэм я зэхъуэкIыкIэ хъум гу лъызытари Увжыкъуэщ. Адыгэбзэм и синтаксисым падежитIым щаIэ мыхьэнэр япэу къыхэзыгъэщари ЗекIуэгъуращ. Кандидат лэжьыгъэм къыхуигъэуша гупсысэхэр щIэныгъэлIым иужькIэ IэщIыб ищIыжакъым, атIэ илъэс IэджэкIэ зэригъэужьащ, статья пщIы бжыгъэхэр ятриухуащ. ИкIэм-икIэжым, ахэр доктор къэхутэныгъэу зэригъэуIужри, 1989 гъэм Мэзкуу щыпхигъэкIауэ щытащ. «Адыгэбзэ синтаксисым и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр» зыфIища лэжьыгъэшхуэр бзэщIэныгъэм и зы лъэбакъуэщIэу, уеблэмэ щыIэ еплъыкIэ щхьэхуэхэм зезыгъэхъуэжу къилъытауэ щытащ щIэныгъэлI гъуэзэджэ Къумахуэ Мухьэдин.

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэгуэмытмэ, зым къигъэунэхухэр адрейм зэримыгъакIуэмэ, зауж ьынкIэ Iэмал зэримыIэр Iэджэрэ и къэпсэлъэныгъэхэмрэ и тхыгъэхэмрэ къыщыхигъэщырт ЗекIуэгъум. Абы теухуащ, къапщтэмэ, абырэ НэмытIокъуэ Исуфрэ зэдатха тхыгъэшхуэр. «Адыгэ пэж» газетым 1950 гъэм къытехуа а тхыгъэр ехьэлIат щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ адыгэбзэр зэрырагъэдж тхылъхэмрэ тегъэщIапIэ ящI фIэщыгъэхэр зэрызэтемыхуэм, зы бзэ Iуэхугъуэм бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъуэтым, уеблэмэ бзэхабзэхэмрэ щапхъэхэмрэ зэрызэмыкIуалIэм. Мы щыщIэныгъэхэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэрамыгъэзэхуэжмэ, никъусаныгъэ куэд къызэришэнум ахэр шэщIауэ икIи фIэщ щIыгъуафIэу тепсэлъыхьыгъат. Къыхэгъэщын хуейщ адыгэбзэм и къэкIуэным иригумэщIу зи гупсысэр утыку къэзыщIа щIэныгъэлIитIым цIыхубэр къазэрыпэджэжар, тхыгъэр тетыгъуэр зыIыгъхэм я дежкIи джакIуэ зэрыхъуар. Абы иужькIэщ дунейм къытехьэ тхылъхэр зэрытха бзэм гулъытэ лей игъуэт, фIэщыгъэхэр техуэрабгъуу къыхах, щIэныгъэм игъэкъабыла бгъэдыхьэкIэм хуэкIуэу щапхъэхэр зэрагъэзахуэ щыхъуар. IэхъуэгъуэтегъэкI лэжьэкIэр зищIысыр зымыщIэ щIэныгъэлIхэм я дежкIэ ар текIуэныгъэшхуэт. Дауи, ебгъэфIакIуэ мыхъун щыIэкъым, ауэ Iуэхур ежьати, абы щIэныгъэм хэтхэм гушхуэныгъэ къахилъхьащ.

Бзэм и къэгъэсэбэпыкIэм къыхэкI щыщIэныгъэхэм ЗекIуэгъур ирашэлIащ абы и къабзагъэр хъумэным хуэунэтIа лэжьыгъэ егъэкIуэкIын зэрыхуейм. Увжыкъуэ и Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэхэр иджы адыгэбзэм и макъхэм, а макъхэм литературэбзэм щаубыд увыпIэм, тхыбзэмрэ щIыпIэ псэлъэкIэхэмрэ зэрызэхьэлIам, пэжырытхэм, нагъыщэ гъэувыкIэ хабзэхэм, фIэщыгъэхэм ятриухуэ хъуащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зыри щIэныгъэм и зы унэтIыныгъэ псо ирокъу. Ауэ ЗекIуэгъум хузэфIэкIащ адыгэбзэм и Iуэхугъуэ зэхэмыбзхэр гупсысэщIэкIэ къызэщIиIэтэн, нэгъуэщIынэкIэ хэплъэн. Дапщэщи хуэдэу, гъэщIэгъуэнт икIи щIэныгъэ зэдауэ узыншэхэр къызыхэкI къэхутэныгъэт Увжыкъуэ морфологиемрэ синтаксисымрэ ехьэлIауэ утыку кърихьэ лэжьыгъэхэр.

ЩIэныгъэлIым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэгъэувэным икIи къыдэгъэкIыным. Абы хуэунэтIауэ Увжыкъуэ и къалэмыпэ къыщIэкIауэ лэжьыгъэ зыбжанэ щыIэщ, языхэзри сыт хуэдэбзэми и псалъалъэ зэхэгъэувэнымкIэ тегъэщIапIэ хъарзынэ хъууэ. «Адыгэ-Урыс псалъалъэм и зэхэлъыкIэмрэ и гъэпсыкIэмрэ» зи фIэщыгъэ лэжьыгъэр адыгэбзэм и мызакъуэу, Кавказым щызекIуэ дэтхэнэ бзэмкIи гъуазэ ирокъу, ахэр зэрызэлъапсэгъур, зы къежьапIэ зэраIэр къэплъытэмэ. Увжыкъуэ мы тхыгъэм и гугъу щищIащ псалъэхэм я къыхэхыкIэм, я зэдзэкIыкIэм, «абгъуэхэм» я зэкIэлъыхьыкIэм, диалектхэм къыхэкIа гурыIуэныгъэхэм псалъалъэм щаубыд увыпIэм, нэгъуэщI куэдми.

Тхыгъэ зэрагъуэтрэ куэд дыдэ мыщIа бзэхэр зыIууэ Iуэхугъуэхэм я жэуапыр мы лэжьыгъэм мыбзаджэу абы щызэфIихащ. Адыгэбзэм и псалъалъэхэм я зэхэгъэувэным ехьэлIауэ зэIуищэ теориер щIэныгъэлIым нахуи ищIыфащ. 1960 гъэм дунейм къытехьауэ щыта Урыс-Адыгэ псалъалъэм и гъэпсыкIэр зыубзыхуа ЗекIуэгъум хузэфIэкIащ алыфбейм япэу къыщыкIуэ хьэрфхэмкIэ къригъажьэ псалъэхэр зэригъэкIэсу дэтхэнэми гъэнахуэхэр яхуищIыжын. Абы и IуэхущIэкIэр псалъалъэм елэжь гупым щапхъэ яхуэхъуауи щытащ. Абы тетащ иужькIэ къыдэкIыгъа бзитI псалъалъэхэри.

Сыт хуэдэ бзэми, тхыгъэ фащэ зыщитIэгъа нэужь, зэрыгъуэзэн пэжырытхэ хабзэхэр къелъыхъуэ. ЗекIуэгъум фIы дыдэу къыгурыIуэрт, тхэкIэ хабзэхэр зыубзыху псалъалъэ щымыIэмэ, тхыбзэр ужьыхыу зэрыхуежьэнур, и жэрагъым къыщигъащIэу зэрыщIидзэнур. Абы ехьэлIащ «Адыгэбзэ пэжырытхэр нэхъыфI хъун щхьэкIэ щIапхъэхэр. ПэхуэщIэ» фIэщыгъэр ириту 1989 гъэм тридза и къэхутэныгъэр. Абы щызэкIэлъыгъэкIуа Iуэху еплъыкIэхэр къыщожьэ ЗекIуэгъур хэту 1968 гъэм къыдэкIа, автор гуп зэлэжьа «Адыгэбзэм и пэжырытхэ псалъалъэм». Мы лэжьыгъэм ихуар псалъэ мин 15 нэхърэ нэхъыбэ мыхъумэ, иужькIэ ягъэхьэзырыну зыхуежьа псалъалъэм мин 50-м нэблагъэ къызэщIеубыдэ. ДяпэкIэ дунейм къытехьэну дызыщыгугъ а лэжьыгъэм иджыпсту йолэжь адыгэ бзэщIэныгъэм зи къару хэзылъхьэ щIэныгъэрылажьэ гъуэзэджэхэу Бырсыр Батырбийрэ Анчокъуэ Сурэтрэ.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ ЗекIуэгъу Увжыкъуэ адыгэ узэщIакIуэхэм я щIэиным ирищIылIа лэжьыгъэми. Апхуэдэщ Хъан-Джэрий и «Шэрджэсейм теухуа тхыгъэхэр», адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъащ Бырсей Умар и гъэсэпэтхыдэхэр. ЗекIуэгъум зыхилъхьэ щыIэтэкъым зи цIэ къитIуа узэщIакIуэхэр. Хъан-Джэрий и IэдакъэщIэкIхэр абы лъэпкъ щIэнгъуазэу къилъытэрт. «Шэрджэсейм теухуа тхыгъэхэм» ущрохьэлIэ лъэпкъыцIэрэ щIыпIэцIэу щэ бжыгъэхэм. Ящыщ куэдыр илъэсищэ зауэм зэрыдэкIуэдар, щIыпIэцIэхэм я нэхъыбэм я адыгэбзэр Iупщlу зэрыщымытыр, езы Хъан-Джэрий тегъэщIапIэ ищI алыфбейр нахуэу зэрыщымыIэр къэплъытэмэ, ЗекIуэгъур зыпэрыува IэнатIэр зэрыхьэлъар зыхыбощIэ. Псом япэ Увжыкъуэ узэщIакIуэм и алфавитыр и тхыгъэхэм къыщыкIуэ щапхъэхэмкIэ зэфIигъэувэжащ. Абы иужькIэ а алфавитыр иригъуазэурэ лъэпкъыцIэхэмрэ щIыпIэцIэхэмрэ я адыгэбзэр къигъэщIэрэщIэжащ. Арыххэуи, щIэныгъэлIым адыгэбзэм и тхыдэр джынымкIи, лъэпкъ ономастикэр гъуэгущIэ тешэнымкIи лъэпкъым Iуэхутхьэбзэшхуэ хуилэжьащ. Аращ Бырсей Умар и гъэсэпэтхыдэхэм щхьэкIэ жыпIэфынур. УзэщIакIуэ цIэрыIуэм и IэдакъэщIэкIхэм курыт еджапIэхэм лъэпкъ литературэр зэрырагъэдж тхылъхэм увыпIэ зэрыщагъуэтар, абы ди щIэблэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал щыIэ зэрыхъуар зи фIыгъэр ЗекIуэгъу Увжыкъуэщ.

ЩIэныгъэм гурэ псэкIэ етауэ зи гъащIэ Iыхьэр зыхьа Увжыкъуэ зытет дунеймкIи телъ хьэкъыр зэи щыгъупщакъым. Нэхъыжь зимыIэм нэхъыщIи иIэкъым, жеIэ адыгэ псалъэжьым. Увжыкъуэ нэхъыжьыфIу щытащ, зи псалъэр щапхъэу къапщтэ, зи IэщIагъэр гъуазэу бгъэлъагъуэ хъуну цIыхухэм ящыщащ. Адыгэбзэм теухуауэ иIэ щIэныгъэм нэхърэ нэхъ мащIэтэкъым Адыгэ хабзэм ехьэлIауэ иIэ зэхэщIыкIыр. «Мыпхуэдэу щыт, мопхуэдэу щIы» жимыIэу, апхуэдэу ущIыщытынумрэ пщIэн щIыхуеймрэ ехьэлIауэ дерс хьэлэмэтхэм уригъэдэIуэфынут. ГъэщIэгъуэнращи, дэтхэнэ зы дерсри хъыбаррэ тхыдэжьхэмкIэ, гъэсэпэтхыдэрэ ущиехэмкIэ гъэнщIат. Ар, дауи, нэхъыжькIэ езыр фIыуэ зэрыщытам и нэщэнэт. Нэхъыжьыф I и тIысыпIэ нэхъыщIэфI егъуэт, жыхуаIэм езы Увжыкъуэ иувати, а хьэкъыр дахэу икIи гукъинэжу игъэзащIэрт.

ЩIэныгъэлIхэм ноби фIыкIэ ягу къагъэкIыж ЗекIуэгъур. ЦIыхур щыпхэмытыжым деж абы бгъэдэлъа фIагъ псори нэхъ гуащIэу зыхыбощIэ, къэплъыхъуэу ухуожьэ, и псалъэ ухуэныкъуэу мэхъу. Увжыкъуэ фIыщIэ щIыхуэпщIын, и гугъур дахэкIэ щIэпщIын защIэщ къигъэнар. Абы адыгэбзэ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр ин дыдэщ, и мыхьэнэри мыкIуэщIщ. Шэч хэлъкъым ЗекIуэгъум и щIэиныр адыгэ зэхэщIыкIым и лъагъуэхэш лъэщу зэрыщытынум.

Гущэ зыхуащIауэ мащэ зыхуамытIыжын щыIэкъым. ЗекIуэгъу Увжыкъуэ гъащIэ дахэ къигъэщIащ, къызэринэкI лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ игъуэтауэ, и цIэр цIыхухэми дахэкIэ кърaIуэу и ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхауэ 2009 гъэм дунейм ехыжащ. Увжыкъуэ и цIэр адыгэ щIэныгъэм и уафэгум зы вагъуэу къыщыблэнущ, и гъащIэмрэ къызэринэкIа Iуэхугъуэхэмрэ щIэблэм узэщIапIэрэ гъуазэрэ яхуэхъуу къекIуэкIынущ.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




● Хъыбарыжь

# АдрыщI шу

Кърым хъаныр дзэшхуэ щIыгъуу Къэбэрдейм къихьат. «Къэбэрдейхэр жыIэмыдаIуэ хъуащ. ЗывэзгъэщIыхужынкъэ!» - жери къэгубжьри къэкIуат.

КъакIуэри Гум Iуфэ къыIутIысхьащ, и дзэр псы Iуфэм Iут мэз лъагуэм щIигуэшащ. Псым къызэпрыкIын тегушхуэртэкъым: мыдрыщIкIи мэзщ, къэбэрдейхэм ар тIысыпIэ ящIауэ къыпэплъэмэ ищIэрэ? Сыт хуэдиз зауэлIи ягъэшэсыфауэ пIэрэ? Я къару здынэсыр умыщIэу уапэув хъурэ?..

Хъаныр псы Iуфэм къыIутыц, къоплъэ. Къэбэрдейхэми зыкъагъэхъейркъым, езыми ярикуркъым. Псым узэпрыплъмэ, мэзым Iугъуэ мащIэ адэ-мыдэкIэ къыхехуу, къэбэрдейхэр къызэрыпэтIысам шэч хэлъкъым. Ауэ дапщэ хъурэ къапэтIысар? Ныжэбэ тIасхъэщIэх игъэкIуати, къигъэзэжыркъым...

Хъаныр жыг къуагъым къыкъуоплъ, псым зэпроплъри щытщ. «Дзэр есшэжьэнт, псым адрыщIкIэ щысхэм я бжыгъэр сщIатэмэ...» - и щхьэм щIотIахъуэ хъаныр...

АдрыщIкIэ шу гуэр псы Iуфэм къыIухьащ. КъыIухьащи, шыр егъэджэгу, псы Iуфэм Iут удзыпцIэр еутэ.

Хъаныр, IэдакъэжьауэищIри, псым зэпрыплъащ. «Ар къытIэрыхьатэмэ, къедгъэIуэтэнт...», - и щхьэм хужиIэжурэ кIэлъоплъ шум.

Шур мэджэгу, шыр егъатхъуэ.

- Къафщтэт си фочыр!

Хъаным и фочыр къыхуахь.

АдрыщIкIэ щыджэгу шум трегъапсэри кIаккъур щIеч.

Шур, щхьэщIыбкIэ йощIэри, уанэгум йоджалэ...

Хъаным зы зауэлI зыбгъэдешэ:

- КIуэи, и псэр хэмыкI щIыкIэ, къызэпрых: абы къедгъэIуэтэнщ къытпэтIысам я бжыгъэр...

Хъаным и зауэлIыр, шым зредзри, псым зэпроцIэфт. Уанэгум къилэл шур къипхъуэтэну щыIэбэм, модрейр къопхъуэри, хъаным и зауэлIыр еубыд, шыплIэм дедзэри мэзым щIохьэж...

ЕтIуанэ махуэм хъаным и дзэм нэху къытещхьащ, адрыщIым исахэм къаувыхьауэ...

*Зытхыжар*
**КЪАРТУЛ Хьисэщ.**

# Гурызэ

Гуэдз хьэжыгъэр яухуэнщI, и кур къратхъу, шыгъу зыхэлъ псы хуабэ (градус 25 - 30), джэдыкIэ уда иракIэри, фIыуэ зэхэзэрыхьыху япщ, хъыдан трапхъуэри, щабэ ящIын, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ щагъэт. Ар щытыху, абы дэлъынур ягъэхьэзыр.

Абы щхьэкIэ мэлыл е былымыл тхьэщIар г 20 - 30 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI, лыхьэжым щIагъэкI, шыгъу, бжьыныщхьэ цIынэ упщIэта, цIыкIуцIыкIуу зэпыупщIа щэ тхъурымбэ, шыбжий плъыжь, бурш халъхьэ, Iэр псым хащIурэ псори зэхэзэрыхьыху зэIащIэ. Лы зэхалъхьар ягъэдиину щIыIалъэм далъхьэ.

ИтIанэ тхьэвыр Iэнэм теуда хьэжыгъэм халъхьэри, мм 3 и Iувагъыну яху, абы стэчанкIэ хъурейуэ тхьэвыр къыхагъэж - г 25-рэ хъууэ. Абыхэм лы хьэжар г 15 хъууэ тралъхьэ, я кIапэхэр зэтрагъэпщIэж, мэз кхъужь цIыкIум ещхьу. Ахэр шыгъу зыхэлъ псы къавэм бэлагъкIэ е чымчыркIэ зэIащIэурэ хадзэ, зэкIэрамыгъапщIэу. Хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15 - 16-кIэ, ягъавэ. Гурызэ вар псым къыдредзей. Ар чымчыркIэ къыхахыжри, псыр пагъэж, тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. Зыри щIымыгъуу пщтыру яшх. Бжьыныху шыпс тепкIэ хъунущ.

Нэхъапэм гурызэм далъхьэ лыр цIыкIунитIурэ яупщIатэрт, шэжыпсым халъхьэрти, нэху кърагъэкIырт, щIыIапIэм щыту. Абы лыр щабэ ещI, нэхъ псынщIэуи мавэ.

***Халъхьэхэр:*** Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 400, зы джэдыкIэ, тхьэв зэрапщыну псыуэ - г 100, шыгъур зэрагъэткIу псыуэ - г 20, шыгъуу - г 7. Лы хьэжам: мэлылу е былымылу - г 120-рэ, щэ тхъурымбэу - г 100, бжьыныщхьэу - г 100, шыгъуу - г 3, шыбжий плъыжьу - 1 г, буршу - 1 г, псы щIыIэу - г 50, бжьыныху шыпсу е шатэу - узыхуейм хуэдиз.




● Фэ фщIэрэ?

## Бэракъбла

Нэчыхьытх къэкIуахэр щыдэкIыжым и деж, бэракъым дэ пыIэ, дэ джанэ, щхьэфIэпхыкI, бэлътоку, дыху, мажьэ, кIэнфет, н.къ. кIэрыщIауэ иратырт, здэкIуэж унагъуэм яхыну. Ар щхьэгъусэ къэзыша щIалэм и адэ шыпхъум, хьэзыру блауэ, хьэгъуэлIыгъуэм къыщыкIуэкIэ къыздихьырт. Нэчыхьытх икIыжхэм бэракъыр псоуэ яшэну хэтт, къахуэзэхэм ар трахыну яужь итт. Бэракъбла яхьу щытащ XX лIэщIыгъуэм и 50 - 60 гъэхэм къэсыху, дызэрыт зэманым абы узэрырихьэлIэр зэзэмызэххэщ.

## БгъуэщIэс

Адыгэ Iэнэм ехьэлIауэ хабзэ зыгъэзащIэ цIыху. ГуфIэгъуэ, хьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIкIэ, Iэнэм пэрысхэр, хьэщIэхэр зыхуей хуигъазэу абы егъэбыдылIа цIыхум «бгъуэщIэскIэ» йоджэ. Язынykъуэ куейхэм «бгъуэщIэсым» и пIэкIэ «щхьэгъэрыт» псалъэр къыщагъэсэбэп.

## Бгъурытыбжьэ

Унэишэм деж, нысащIэм ибгъу зырызымкIэ щыту, ар гуащэмрэ адрей цIыхубз нэхъыжьхэмрэ ятезыгъэхьэ бзылъхугъитIым «Пхъужь къафэм» щIидза иужь, бжьэрэ шхын тепщэч зырызрэ «уэредадэ» жызыIэ цIыхухъухэм ират. Абы зэреджэр «Бгъурытыбжьэщ».

Ди зэманым хабзэр щIыпIэ псоми щагъэзэщIэжыркъым, хэхауэ «БгъурытыбжьэкIэ» еджэу къафапщIэ щатыр Аруан районым ис къуажэхэрщ.

● Прозэу тха усэ

# ПцIащхъуэ



Сэ газет соджэри щхьэгъубжэм сыIусщ; уэ дунеишхуэр тIэу пкIэгъуэ пхуэмыхъуу уоджэгу.

Сыт апхуэдизу ущIэнэщхъыфIэр? Хэт къызыхуипшыр уи уэрэд зэпымычыжри?

Пшэхэр зэрызохьэ. Иджыпсту уэшх къыпхиудынуи зыри хуэIуакъым. Армырауэ пIэрэ зызыхуэбгъэхьэзырыр? Сыт, зэбгъурыту къех ткIуэпсым яку уи бжьыхьдажыпэ цIыкIур дэбгъэувэну ара?

Сыноплъри сынохъуапсэ. Уэ пщIэркъым нэщхъеикIэ. Сэ сыхэзыгъаплъэ Iэджэщ. Ар дауэ? Хэт дэ тIум щыуэр?

Сэ газет соджэ. Уэ сыт хэпщIыкIрэ дунейм щызекIуэ залымыгъэм! СыткIэ ущыгъуазэ нэпсу хейм щIагъэкIым!

Уэ уоджэгу. Ар захуагъэ атIэ? Уи унапIэр си бжьыхьэкIапэти, си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу. Сэ сызыгъэгузавэм щхьэ уимыгъэгузавэрэ? Сэ сыкъэзыгъэгубжьым щхьэ укъимыгъэгубжьрэ?

Уэ уоджэгу. Уэ зыри къыпфIэIуэхукъым.

Уэ упцIащхъуэщ. Уи хъыринэр уафэрщ; уи гурыфIыгъуэр хуабэрщ; уи плъапIэр дыгъэрщ; уи гупсысэр щIэмычэу къебгъэблыж уи уэрэд щхъуантIэ цIыкIурщ.

Уэ уоджэгу. Абы къикIыу пIэрэ уэ зыри къыбгурымыIуэу? Уэ унэхъ IущIмэщэ генералу дунейм тетым нэхърэ?..

**КЪЭЖЭР Хьэмид.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Улажьэу ушхэжын ... щыIэкъым. **6**. ... куэд хъуркъым. **7**. ДыгъужьитI ... гъуэ изагъэркъым. **8**. ШкIэплъ ... нэхърэ дагъэ зытет. **10**. Псы икIыгъуэм унэмысу уи ... умыIэт. **11**. Щхьэхынэр тэджмэ, псыбафэр ... мэхъу. **16**. Мыщэ шхэри зы ... къелщ. **17**. Iуэхум ... щыIэкъым. **18**. Нэхъыжьым жьэ ..., нэхъыщIэм гъуэгу ... . **19**. ЩIакIуэ ... уэшх нэхъ благъэщ. **20**. Бжьыхьэпэ ... пщы IупэфIэгъурэ.

***Къехыу:*** **1**. ... и щхьэр умытIатэу хьэ илъэ ху илъэ пщIэркъым. **2**. Уи щхьэ ... боз иумышэкI. **3**. Ямылъэгъуа бланэ яукIыркъым, зэхамыха ... яIуатэркъым. **4**. Уи ... мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуэзэжынщ. **9**. Щытхъу нэхърэ ... . **12**. ... и пэри, и кIэри хъуэхъущ. **13**. ... лъагэ дыдэу докIей, къыпыкIэIакъым мыхъумэ. **14**. ... техуэр жьэм жеIэф. **15**. ... лIарэ зэхуэдэщ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Жэпуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** 1. Тхьэв. 5. Тебэ. 7. Уашхэ. 8. IупщIэ. 9. Гъуагъуэ. 11. Бжьы. 16. Бажэ. 17. Шылэ. 18. ЩIыунэ. 20. ПщIий. 21. Хьэрэ.

***Къехыу:*** 2. ХьэIупэ. 3. Выуэч. 4. Мэш. 5. Тхьэгъуш. 6. Благъуэ.10. Бжьэ. 12. ФIамыщI. 13. КъуэщIий. 14. ПшэкIухь. 15. Елгъэр. 19. Уэм.

# Джэдгъэфхэ я унагъуэщIэ

**Ди газетеджэхэм фIыуэ яцIыху Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щыщ Джэдгъэф Мухьэрбийрэ абы и унагъуэ дахэмрэ. Мухьэрбий «Адыгэ псалъэм» щIэх-щIэхыурэ къытхуотхэ, къуажэдэсхэм я щыIэкIэ-псэукIэм дыщигъэгъуазэу. Республикэм журналрэ газету къыщыдэкIым Iэ тредзэ, зы кIапи къимыгъанэу щIиджыкI зэпыту къогъуэгурыкIуэ а нэхъыжьыфIыр. Иджыблагъэ Джэдгъэфхэ гуфIэгъуэшхуэ яIащ - Мухьэрбий и къуэрылъху Залымджэрий унагъуэ иухащи, ныбжьыщIитIым я хьэгъуэлIыгъуэр щапхъэ зытрахым хуэдэу зэрекIуэкIар вжетIэжыну, гуфIэгъуэр унагъуэм дэтIыгъыну ди гуапэщ.**



● Хъуэхъу

АДЫГЭ щIэблэ дахэм фIыкIэ къахэжаныкIауэ, щIэныгъэм и лъагъуэм тету лъэпкъыщIэр зыIэтхэм ящыщщ Джэдгъэф Залымджэрий. Абы ныбжьыщхуэ имыIэми, Урысей Федерацэми къэрал щыбми и цIэр щигъэIуну, еджагъэшхуэхэм гу залъригъэтэну хунэсащ.

Нарткъалэ и 2-нэ курыт еджапIэм щIэсыху къалэ, щIыналъэ, республикэпсо, дунейпсо зэпеуэу зы блимыгъэкIыу хэтащ ар, псоми япэ увыпIэхэр щиубыду. А лъэхъэнэм зригъэгъуэта ехъулIэныгъэхэмрэ ЕГЭ-мкIэ къихьа бжыгъэ лъагэхэмрэ я фIыгъэкIэ, УФ-м и Президентым деж щыIэ Финанс университетым ди щIыналъэм къыбгъэдэкIыу 2018 гъэм щIагъэтIысхьауэ щытащ Джэдгъэфыр. Залымджэрий хиша лъагъуэм емыпцIыжу и еджэныгъэм къыпищащ икIи зэпеуэ, конференц зэхуэмыдэхэм хыхьэмэ, япэ увыпIэхэр зыIэригъэхьэурэ, Урысейм къыщацIыхуащ.

2021 гъэм Сочэ къалэм щекIуэкIа, Финанс шынагъуэншагъэмкIэ япэ дунейпсо олимпиадэм Джэдгъэфым япэ увыпIэр къыщихьри, бакалавриатыр къызэриухыу, магистратурэм зэрыщIэтIысхьэфыну Iэмалыр къихьэхуат абы. А зэпеуэм хэтащ Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргъызстаным, Урысейм, Таджикистаным, Тыркуменистаным, Узбекистаным щыщ ныбжьыщIэ 300-м щIигъу. А псоми ефIэкIат ди щIалэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ университетыр къэзыухахэр 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м Кремлым ирагъэблэгъауэ зэрыщытар, абыхэм Джэдгъэфри зэрахэтар. А пшыхьым цIыхуибгъум я цIэ къыщраIуат, я ехъулIэныгъэмрэ еджэкIэмкIэ щапхъэу къахьу. Абы щыгъуэ Залымджэрий къыхуагъэфэщат «Студент нэхъыфI дыдэ» цIэ лъапIэр икIи абы и дипломыр къритыжат УФ-м и Казначейством и унафэщI Артюхин Роман.

Магистратурэри къиухыжащ, еджэнымрэ лэжьыгъэмрэ зэдихьурэ къулыкъу зыбжанэ ихьуэжащ, драгъэкIуэтейуэрэ. Иджы ар щолажьэ Москва областым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къэпщытэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщIу.

Ныбжь дахэм нэса щIалэщIэм лэжьыгъэмрэ щIэныгъэмрэ зримыгъэтхьэкъупэу, и къару, зэман, гуащIэ псори абы щхьэузыхь хуимыщIу, и чэзум унагъуэ зэриухуам уегъэгуфIэ. Гуапэ мыхъуу къанэркъым апхуэдэ лэжьыгъэ хьэлъэ зэрыпэрытыр зыкIи зэран къыхуэмыхъуу, Залымджэрий и щIэныгъэм къыпищэмэ нэхъ къищтэу аспирантурэм зэрыщIэтIысхьари.

Езым хуэфэщэну щхьэгъусэ екIу хуэхъуа пщащэ щэныфIэр, тхьэIухудыр, губзыгъэр Бамбэтхэ ящыщщ, и цIэр Каринэщ. А тIум я хьэгъуэлIыгъуэм хэтыну, адыгэ хабзэмрэ щэнымрэ зыщагъэгъуэзэну Джэдгъэфхэ къахуеблэгъат Залымджэрий щеджа университетым и проректорымрэ диплом лэжьыгъэр къыдэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэмрэ. КъищынэмыщIауэ, щIалэр щылажьэ министерствэм и лIыкIуэ, къыдеджа и ныбжьэгъу гупи хэтащ хьэгъуэлIыгъуэм.

- Мыпхуэдэ хабзэ дахэрэ берычэту ерыскъы щаIэта хьэгъуэлIыгъуэрэ си гъащIэм слъэгъуакъым. Адыгэхэм хуэдэу хьэщIэм пщIэ, гулъытэ хуэзыщI лъэпкъ зэи срихьэлIакъым. Сэ мызэ-мытIэу Залымджэрий сыщIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыхьэщIащ, шхын IэфI куэди щысшхащ, ауэ нобэ ди нэгу щIэкIа хабзэ дахэхэм хуэдэ дунейм тету сщIэхакъым.

Бамбэтхэ Владимиррэ Неллирэ япхъу щэныфIэр, къупщхьэ гуащэм хуэдэу Каринэ тхьэIухудыр КъБКъУ-м архитектурэмкIэ и къудамэр къиухащ, хабзэ, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъщ. Дохъуэхъу а Iуэхугъуэр лъэпкъитIми гуфIэгъуэ кIыхь яхуэхъуну, я нэхъыжьхэм я жьауэ куэдрэ щIэтын щIэблэ насыпыфIэ хъуну, Залымджэрийрэ Каринэрэ я цIэр фIыкIэ къраIуэу куэдрэ зэхэтхыну.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## ЕкIуу зыкъагъэлъагъуэ

**«Кубок Дона» фIэщыгъэр зэрихьэу Дон Iус Ростов къалэм щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 29-м я спортсмен, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 900-м нэблагъэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым зэхьэзэхуэм игъэкIуат цIыху 39-рэ икIи псоми зэхэту медаль 15 абы къыщахьащ. Ильэси 10 - 18 зи ныбжьхэм я деж, я хьэлъагъ елъытауэ щызэуа гупхэм япэ щыхъуащ Захаров Кирилл (кг 36-рэ), СэвкIуий Саид (кг 45-рэ), Къарэ Къантемыр (кг 81-рэ), Шыкъ Албэч (кг 91-рэ) сымэ.

Дыжьын медалхэр къахьащ Лъакъуэдыгъу Алихъан (кг 42-рэ), Пэрыт Айдар (кг 48-рэ), Снежко Вадим (кг 57-рэ), Къумыкъу Алан (кг 71-рэ) сымэ.

Елъкъэн Александр (кг 32-рэ), Толасов Сослъэн (кг 37-рэ), Къарэмырзэ Ибрэхьим (кг 66-рэ), Толасовэ Полинэ (кг 44-рэ), Къандэхъу Расул (кг 71-рэ) сымэ ещанэ хъуахэщ.

Балигъхэм я зэпеуэм (ильэс 19 - 40 зи ныбжьхэм) дыжьын медаль къыщихьащ Пэрыт Казимир (кг 60). Къетыкъуэ Астемыр ещанэ щыхъуащ килограмм 71-рэ зи хьэлъагъхэм я деж.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Саралидзе Айдин, Куэшмэн Рустам, Сасыкъ Анзор, Къудейхэ Алимрэ Залымрэ сымэ.

**КЪУЭЖЕЙ Алим.**



● Хъыбар гуапэхэр

## Къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIа спорт утыку



**Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Бахъсэнёнкэ къуажэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ спорт утыку Iэхуитлъэхуитыщхуэ. Ар яхуаущ «Къуажэ щIыпIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи абы хуэдэ республикэм нобэкIэ щыIэкъым.**

АДРЕЙ спорт утыкухэм ар къащхьэщокI и инагъ къудеймкIи - псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 800 мэхъу. Ухуэныгъэм трагъэкIуэдащ къэралми щIыналъэми я бюджетхэм къыхэкIыу сом мелуани 7,7-рэ.

Иджы къуажэдэсхэм Iэмал ягъуэтащ абдеж спортми зыщыхуагъэсэну, я нэгуи зыщрагъэужьыну. Сыту жыпIэмэ, спорт утыкушхуэм хохьэ футбол «цIыкIум» и губгъуэр, волейболымрэ баскетболымрэ, стIолыщхьэ теннисым щхьэкIэ утыкухэр, сабий джэгупIэхэр. А псоми IэрыщI «алэрыбгъур» хуэфIу илъщ.

Апхуэдэуи абы хэтщ турник зэхуэмыдэхэр, спорт тренажерхэр, гимнастикэмкIэ Iэмэпсымэхэр, кIапсэм утету къыщыпкIухьын щIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри. А псом къадэкIуэу, машинэ гъэувыпIэ ящIащ, метр зэбгъузэнатIэ 350-рэ иригъэубыду.

ЦIыху мини 8,8-рэ зыдэс Бахъсэнёнкэ къуажэм тыгъэфI хуэхъуащ ар икIи жылэдэсхэр щыгуфIыкIащ я узыншагъэм хуэщхьэпэу я зэманыр щагъэкIуэн щIыпIэ яIэ зэрыхъуам.

## Лэжьыгъэхэм йоужьэрэкI

**«Къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къуажэ щIыпIэхэмрэ» фIэщыгъэр зэрихьэу 2024 гъэм екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа, «Псым IэплIэ къыуешэкI» пэхуэщIэр ягъэзэщIэн щыщIадзащ Шэджэм щIыналъэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пэхуэщIэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ ар. ЗэIузэпэщI ящIыну кърахьэжьа щIыпIэр псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 19846-рэ мэхъу.**

АР ИРИКIУЭНУЩ Шэджэм псым и Iуфэм икIи Шэджэм къалэм и стадионым бгъурыхьэнущ. Пэхуэщ Iэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы машинэ гъэувыпIэхэри иIэнущ, щыIэ мардэхэм тету щIыпIэр жэщым къызэщIагъэнэхуэнущ.

НобэкIэ щIыпIэм лъэс лъагъуэхэр къыщыхагъэщхьэхукI, плиткэхэр щралъхьэ, гъуэгубгъуэхэр мывэхэмкIэ кърагъэбыдэкI, джэгупIэхэр, спорт утыкухэр щаухуэ.

Апхуэдэуи, дызэрыт илъэсым и кIэхэм ирихьэлIэу лэжьыгъэхэр псори зэфIэкIа иужь а щIыпIэм игъуэтыну архитектурэ теплъэ цIыкIум и Iыхьэ гуэрхэми иджыпсту йогугъу.

**ЩАУЕЙ Билал.**



УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.295 Заказыр №2086

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А